Мэкъуауэгъуэм и 12-р Урысей Федерацэм и махуэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ ЫЦЫДОКІ

№№109-110 (21.518) ● 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 11, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ хъыдокІ ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

КЪАНОКЪУЭ Арсен: Экономикэм

2010 гъэм зыкъыдигъэзэну дыщогугъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен къыззыритыэмкІэ, зэман гъунэгъум кърибыдэу кризисым дыкъыхэкІырыну ущыгугъ хъунукъым. Къэралым и экономикэр зэтеуважу щыхуежьэнкІэ хъунур 2010 гъэрщ. Республикэм и Іэтащхьэм апхуэдэу щыжиІащ «КЪБР-м и муниципальнэ щІыналъхэм я совет» ассоциацэм хэтхэм иджыблагъэ ираГъэкІуэдащ.

КЪБР-м и Президентым зэрыжиІамкІэ, Санкт-Петербург щекІуэкІа экономикэ зэхуэсысыхуэм хэта экспертхэм я нэхъыбэм абы и лъэныкъуэкІэ и Іуэху ептыныкІэр зэтохуэ.

А зэхуэсым Къанокъуэ Арсен зи пашэ КЪБР-м и делегацэри хэтащ. «А зэІущІэм гъэщІэгъуэну, сэбэпыныгъэ зыпылъу куэд щыжиІащ. Сэ министрэхэм, муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэм иджыпсту екІуэкІ щытыкІэхэр нэхъ тэмэму къагурыІуэн икІи дяпэкІэ зэрылажьэну щыкІэр тэмэму яубыдыжу папщІэ а зэхуэсым щыжиІахэм нэхъ жугъэІуцу зэтеуважьынуи хэзгъ...

Къэбэрдей-Балъкъэрым кризисым пасэу зыщыхуагъэхъэзыращ икІи абы республикэм Іэмал къритащ экономикэр гугъуехь куэдым ящыхъумэжынкІэ. «Дэ тэмэму тщІащ, бюджетым дыхэлпъэжу ар нэхъ мащІэ дыдэу тхуэзэрІэкІынуми хэм зэрытедухуэжар. Абы и фІыщІэкІэ лэжьапІэнишхэм я бжыгъэм хэдмыгъэхъэуэу зэтетІыгъащ, хэщІхэри нэхъ мащІэ тщІащ. Дэ социальнэ программкэр нэгъэсауэ дгъэзащІэ. Дауи ди экономикэм и Іуэхур езыр-езыру зэтеуважьынукъым. Абы къыхэкІыу нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ предприятэхэм хохуэ дадоІэпыкъу, щІэуэ лэжьапІэ Іэнатіэхэр къызыдогъэпэщ, хьэрычэт Іуэху мыиным зыщыдогъакъуэ, абыхъэм къащта кредитхэм проценткІэ щхьэщытакІым щыщ яхуэдопшын, налогхэр ящхьэщыдоІэтыкІ», - къыжиІэщхьэхукІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

Адэкіэ Къанокъуэ Арсен жиІащ республикэм и унафэщІхэр ахъшэр зэгъэзэхуауэ къызэрагъэсэбэпын дляэкІи зэрыкІэпыплъынщ. «Ауэ абы къикІырыкъым социальнэ программэхэр гъэзэщІэным тратъэкІауэ ахъшэм кІэрагъэхуну, уеблэмэ апхуэдэ ахъшэр нэхъыбэ ящынщ. Псом хуэмыдэу гулъытэ игъуэтынущ республикэм и къуажэхэм я псэуКІэр егъэфІэкІуэным теухуа программэхэр зэрагъэзащІэм». Президентым къызэрилытэмкІэ, апхуэдэ зэманым дэж щІыпІэ властхэм фІыуэ зэгупсыса, кризисым и лъэхъэнэм экономикэр къызэтезыгъэнэ унафэхэр къащтапхъэщ.

«Сыт хуэдэ гугъуехьхэр хэмылъами, япэ квартальм кърибыдэу республикэм и бюджетыр процентыр 5-кІэ нохъыбэ хъуащ. Дауи, ар бюджэшхуэкъым, ауэ абы кІъагъэпъагъуэ гъузэгу тэмэм къызэрыхэтхар. Ильэсым и кІэм ирихьэлІэу а бжыгъэр процент 20-м нэсыну дыщогугъ. Иужьрей илъэсхэм финансхэм я лъэныкъуэкІэ еф1эк1уэныгъэ пыухыкІахэр зэрыщыІэм къыхэкІыу, дэ экономикэм и щытыкІэр къэтІэтыфын хуейщ. Абыхэм пэщІэтыныныкІэ Іэмал нэхъыфІыр псори зэщІэрэзыуІауэ гъэжьэнырыц».

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

УнэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм топсэлъыхь

КЪБР-м и Унафэщі Къанокъуэ Арсен республикэм и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ ирагъэкІыщ Іэпэкъ проект пэрытхэр гъэзэщІэныгъэ демографие политикэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым дежи щыІэ советым я зэІущІэ.

АБы щыІэ ЭПКЪРАХАЩ Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэ Іуэхур щегъэфІэкІуэным теухуа проект зэхэтыр гъэзэщІа зэрыхъур.

- «Ерызджэныгъэ» лъэпкъ проектым щыІэныгъэхэр ди дежи зэрІуэу зэрыщыпхагъэкІым дытепсэлъыхьынущ мы гъэм етІуанэу дыззэхохьэ, - жиІащ **Къанокъуэ Арсен** зэІущІэр кІыщыззэІунхым. - Фызэрыщыгъуазэщи, УФ-м и Президент **Медведев Дмитрий** Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзэн къыщыхигъэщхьэхуІащ нурыт школхэм егъэджэныгъэ гъэжьыгъэр щегъэфІэкІуэн, ныбжьыщІэхэм ябгъащэтъ зэфІэкІыр къэхутэн, ар и лъабжьуэ зэчиифІэхэр сыткИи дэІыгъын зэрыхуейр. Сыту жыпІэмэ, егъэджэныгъэ политикэр нэхъыщхьэу зытещІыхьар щІэбгъ губзыгъэ, узынщ къэгъэхъунырщ, ди пщэдейр ипэкІэ зыгъэкІуэятэну цІыху нэсхэр гъэсэнырщ.

● Куейхэм

Тхьдэ гъэтуанэ къеІэлъаІуэ

ЛЭСКЭН куейм ит еджапІэхэм Урысейм и тхьдэ гъэтуанэр къызыгъэльагъуэ выставкэхэр щагъэхьэзыращ. «Къэралыгъуэм иІэ мыхьэнэр» зыфІаща зэІущІэхэр щекІуэкІынущ, Лэскэн куейм кІыхьэкІа щІэныгъэлІхэр, тхьдэтхэр, егъэджакІуэхэмрэ 2009 гъэм курыт школхэр къэзыуха ныбжьыщІэхэмрэ хэту.

ЗэІущІэхэм кІыщеджэнущ Урысейм ихуа къэралыгъуэшхуэм лъэпкъхэм зэрыщызэуэкІым теухуауэ еджакІуэхэм я гъэхьэзыра докладхэм. Кърагъэблагъэхэм я пащхьэм зыкъыщагъэльэгъуэнущ куейм и уэрэджьыІакІуэхэмрэ къэфакІуэхэмрэ.

Нэхъыжьхэм пщІэ хуащІ

УРЫСЕЙ къэралыгъуэм и махуэр Джылахьстэнейм щигъэльэпІэнущ Тэрчым и кьалэ жыг хадэм. Абы ирагъэблагъэнущ мы куейм зиужьыным зи гуащІэ хэзыльхьа лэжьакІуэ нэхъыжьхэр. Абыхэм ящыщ куэдым зэрахьэ къэралым и дамыгъэ льапІэхэмрэ ЩЫхь тхьпчэхэмрэ. ПщІэрэ щыхьэ зыхуэфащэ нэхъыжьхэм папщІэ куейм и артистхэм концерт ятынущ.

Парным махуэ псом щІалэгъуалэм я нэгу зыщрагъэуэжьырынущ. Тэрч кьалэ дэт ТхьідэмкІэ музейм щагъэльэгъуэнущ Урысей къэралыгъуэм лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм иригъэкІуэна жылагъуэ Іуэху нэхъ инхэм, абы и ІыхьфІэр зыпхыІа гугъуехьхэм теухуа сурэтхэмрэ тхьпчэхэмрэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІ ЧЕЧЕНОВ Ануар:

Дэтхэнэ зыми и пащхьэ

Мэкъуауэгъуэм и 12-м Урысей Федерацэм и щІыхьфм ягъэлъапІэ къэралым и гуфІэгъуэ махуэ нэхьыщхьэр - Урысейм и махуэр.

1990 ГЪЭМ мэкъуауэгъуэм и 12-м РСФСР-м и щІыхьфэ депутатхэм я Советым - а зэманым Урысейм и къэрал властым и орган нэхьыщхьэу щытам - кьыщташ Урысей Совет Федеративнэ Социалист Республикэм и Къэрал суверенитетым теухуа декларацэр. Иджы зэрихьэ щІэр 2002 гъэм игъэтыху а махуэр Урысей Федерацэм и Совет Нэхьыщхьэм «Мэкъуауэгъуэм и 12 гуфІэгъуэ махуэм и Іуэхуі» кІыдигъэкІа унафэм ипхъ иткІэ, ягъэльапІэу щытащ РСФСР-м и Къэрал суверенитетым теухуа декларацэр кьыщащта махуэу.

Демократие хабзэхэм тет правовой къэралу Урысей Федерацэр зэтегъэувэным и лъабжьэр зыгъэтІылъар а документыращ. Урысейм и къэрал суверенитетыр зэригъэувам кьыдэкІуэу, абы япэ дыдэу щІигъэбыдащ къэралым и конституцІэ ухуэкІэм и хабзэхэм ящыщу нэхъ нужьІэ Урысей Федерацэм и Конституцэм хагъэхьахэр.

Къапщтэмэ, Декларацэм и пункт 1-м щыгъэбеджьалащ Урысейр щІыналъхэм я федерацэу зэрыщымытыр, атІэ ар лъэпкъхэм я федерацэу зэрагъэувыр. «Урысей Совет Федеративнэ Социалист Республикэр абы ис лъэпкъхэм тхьдэ лъабжьэ зиІэ я зэгухьэныгъэм кьызэригъэпэща, зыми Іэщ1эмылъ кърагъащ», - дыкьыщоджэ абы. Зэрытлъагъэщи, Урысейр щІыналъхэм я федерацэу щыту ягьашІэу зэрыхуэдэкІэм тхьдэ лъабжьи, политикэ лъабжьи, правовой тегъэщІапІи иЭкъым.

(КІуухыр 2-нэ нат.).

Урысей Федерацэм и махуэр гъэлъапІэным Налшык къалэ администрацэм Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэр хуигъэхъэзыращ. Мылэжьэгъуэ махуэу къэралым щагъэуба мэкъуауэгъуэм и 12-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэ Налшык концертхэр щатынущ, щІалэгъуалэмэ балигъхэми я зэгу зыщрагъэжьхьэхэр щыІэнущ.

КЪАЛЭМ и щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр «Студент гъатхэр - Кавказым фестивалым зыкьыщІызыгъэльэгъуа-хэм ящыгъуу Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрыріикьуа и щІэр зезыхьэ утым деж (сыхьэти 9-рэ дакьикьэ 30-м) кьыщежьэнурэ Абхъазым и утым нэс къэкІуэнущ. Сыхьэт 11-м Театр Щхьэнтім щекІуэкІынущ а фестивалым и гала-концертыр. КьыкІэльыкІуэу къафэхэмрэ уэрэдкІэ щІыхэхэм я нэгу зыщрагъэуэжьынущ Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм и бжэІупэм (сыхьэт 16-м). Сыхьэт 18-м щІидзэу Абхъазым и утым концерт щыІэнущ КЪБР-м и уэрэджьакІуэ щэрыІуэхэр хэту. Сыхьэт 20-м щІалэгъуалэ дискотекэр зэхаублэнщ. Махуэшхуэ зэкъэшІэгъэ драгъэльэтеинущ сыхьэт 22-м.

Апхуэдэуи мэкъуауэгъуэм и 12-м, сыхьэт 12-рэ дакьикьэ 30-м, Хъэтохъущыкъуей жыг хадэм зыкьыщагъэльэгъунущ духовой оркестрым, районхэм кьыкІа уэрэджьакІуэхэр, кьэфакІуэ гуп хэм.

Налшык и библиотекэхэм мы махуэхэм нэхъ теухуа тхьпчэхэр щагъэльэгъунущ.

Урысей Федерацэм и махуэр гъэлъэпІэным жьыдэжру хэтщ Сабийкэм эстетикэ гъэсэныгъэ етыныжьІэ центрыр, Къэзанюкъуэ Жобагъы и цІэр зезыхьэр, Сабий творчествэмкІэ «Эрудит» кьалэ центрыр.

Махуэшхуэм и щІыхьхьІэ ирагъэкІуэкІынущ спорт зэхьэзэхуэхэр.

КУБАДИЕВЭ Нуржан,
Налшык къалэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

● Куейхэм

Зыубгъуауэ ягъэлъапІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым зэрыжиІамкІэ, Санкт-Петербург щекІуэкІа экономикэ зэхуэсысыхуэм хэта экспертхэм я нэхъыбэм абы и лъэныкъуэкІэ и Іуэху ептыныкІэр зэтохуэ.

А зэхуэсым Къанокъуэ Арсен зи пашэ КЪБР-м и делегацэри хэтащ. «А зэІущІэм гъэщІэгъуэну, сэбэпыныгъэ зыпылъу куэд щыжиІащ. Сэ министрэхэм, муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэм иджыпсту екІуэкІ щытыкІэхэр нэхъ тэмэму къагурыІуэн икІи дяпэкІэ зэрылажьэну щыкІэр тэмэму яубыдыжу папщІэ а зэхуэсым щыжиІахэм нэхъ жугъэІуцу зэтеуважьынуи хэзгъ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым кризисым пасэу зыщыхуагъэхъэзыращ икІи абы республикэм Іэмал къритащ экономикэр гугъуехь куэдым ящыхъумэжынкІэ. «Дэ тэмэму тщІащ, бюджетым дыхэлпъэжу ар нэхъ мащІэ дыдэу тхуэзэрІэкІынуми хэм зэрытедухуэжар. Абы и фІыщІэкІэ лэжьапІэнишхэм я бжыгъэм хэдмыгъэхъэуэу зэтетІыгъащ, хэщІхэри нэхъ мащІэ тщІащ. Дэ социальнэ программкэр нэгъэсауэ дгъэзащІэ. Дауи ди экономикэм и Іуэхур езыр-езыру зэтеуважьынукъым. Абы къыхэкІыу нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ предприятэхэм хохуэ дадоІэпыкъу, щІэуэ лэжьапІэ Іэнатіэхэр къызыдогъэпэщ, хьэрычэт Іуэху мыиным зыщыдогъакъуэ, абыхъэм къащта кредитхэм проценткІэ щхьэщытакІым щыщ яхуэдопшын, налогхэр ящхьэщыдоІэтыкІ», - къыжиІэщхьэхукІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

Адэкіэ Къанокъуэ Арсен жиІащ республикэм и унафэщІхэр ахъшэр зэгъэзэхуауэ къызэрагъэсэбэпын дляэкІи зэрыкІэпыплъынщ. «Ауэ абы къикІырыкъым социальнэ программэхэр гъэзэщІэным тратъэкІауэ ахъшэм кІэрагъэхуну, уеблэмэ апхуэдэ ахъшэр нэхъыбэ ящынщ. Псом хуэмыдэу гулъытэ игъуэтынущ республикэм и къуажэхэм я псэуКІэр егъэфІэкІуэным теухуа программэхэр зэрагъэзащІэм». Президентым къызэрилытэмкІэ, апхуэдэ зэманым дэж щІыпІэ властхэм фІыуэ зэгупсыса, кризисым и лъэхъэнэм экономикэр кьыдэкІэтезыгъэнэ унафэхэр къащтапхъэщ.

«Сыт хуэдэ гугъуехьхэр хэмылъами, япэ квартальм кърибыдэу республикэм и бюджетыр процентыр 5-кІэ нохъыбэ хъуащ. Дауи, ар бюджэшхуэкъым, ауэ абы кІъагъэпъагъуэ гъузэгу тэмэм къызэрыхэтхар. Ильэсым и кІэм ирихьэлІэу а бжыгъэр процент 20-м нэсыну дыщогугъ. Иужьрей илъэсхэм финансхэм я лъэныкъуэкІэ еф1эк1уэныгъэ пыухыкІахэр зэрыщыІэм къыхэкІыу, дэ экономикэм и щытыкІэр къэтІэтыфын хуейщ. Абыхэм пэщІэтыныныкІэ Іэмал нэхъыфІыр псори зэщІэрэзыуІауэ гъэжьэнырыц».

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Урысейм и махуэм ирихьэлІэу КЪБР-м и Президент Къанокъуэ А. Б. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм исхэм

Зэрызахуигъазэр

Си хэкуэгъу гъапІэхэ!

Ди къэралым лъэпкъ куэду зэхэт и щІыхубэм пщэдей къэралым и махуэщхьэр - Урысейм и махуэр ящыт.

Мы гъэм а гуфІэгъэм Урысейм и щІыхуэр Іуощ1э финанс-экономикэ кризисым и зэман мытыншым хэту. Апхуэдэу щыт пэтми, дэ пщэдейрей махуэм фІыкІэ дыхуоплъэ. АбыкІэ тегъэщІапІэхэр мащІэкъым. Псом ящыу, абы хэм ящыщщ кризисым кьыхь зэранытыгъэ гъэмэщІэнкІэ и мызакъуэу, фейдэ нэхъыбэ кьызыпыкІ экономикэ зэтегъэувэным, къэралыр инноваці зыужьынигъэм зэрыхуэкІуэр щІэгъэхуэбжьынм тещІыхьауэ Урысей Федерацэм и Правительствэм кризисым пэщІэтынымкІэ псори щыІэпэпытыта программэ зэрызэхилъхьар. Апхуэдэ тегъэщІапІэхэм ящыщу республикэм и социально-экономикэ зыужьынигъэр кьызэтезыгъанэ, ди цІыхухэм я пащхьэ кьыщытщта социальнэ кьалэнхэр фІэкІыпІэ имыІэу гъэзэщІэнымкІэ щэсыпІэхэр кьыззыгъэпэщ финанс щытыкІэ зэпІэзэрытыр.

Быдэу си фІэщ мэхъу зэманым кьыдэкІуа гугъуехьхэр кьыззэдзэкІыу республикэр зэпІэзэрыт зыужьынкъым и гъэгуру мыгувэу зэрытедгъэувэжьынур. Абы папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и псомэ я мурадхэр зэтехуэу, республикэм и къэкІуэнумкІэ яхь жэуапыр зыхащІэу зэдэлэжьэн хуейщ. Дэри ди дежи зыри кьыщыдгъэнэжкъым властым и зэфІэкІ псори щІыхубэм я псэуКІэр егъэфІэкІуэным зэрыхуэунэтІар Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхубэм зыхащІэн папщІэ.

Сигуми си пэсми кьабгъэдэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм сохъуэхъу дызыкІуэкІэу махуэшхуэмкІэ - Урысейм и махуэмкІэ. Си гуапэщ узышыагъэ быдэ, мамырыгъэ, ефІэкІуэныгъэ фІи3ну.

УФ-м и Президент Путин Владимирэ КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенрэ я зэпсэльэныгъэ. *2007 гъэ*

Мы сурэтым щыфІыгъур Урысей къэралыгъуэм и мыхъурыщхьэрщ. Абы хэтщ Къэбэрдеймрэ Черкасскэ пщы лъэпкъымрэ я гербхэри. *1698 гъэ*

Унэ капиталыр къагъэсэбэп

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и къудамэу Къэрашей-Шэрджэсыр щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Шаганов Анзэ зэрыжиІамкІэ, республикэм и унагъуэ 30-м щІигъуэ анэ капиталхэмкІэ псэуПІэ кредитхэр япшыжащ.*

- ИЛЬЭСЫМ зэрыщІидзэрэ, унагъуэ 50-м ильэсыкІэ зыкьыхуагъэзащІ я анэ капиталхэр псэупІэ кредитхэм пэдгъэкІуэну. Абы щыщу 30-м щІигъур дгъэщІэхъуакъым. КьыщынэмыщІауэ, псоми Іэмал яІэщ анэ капиталым зыуэ ят пособие сом мин 12-р кьыхахыу я щхьэ Іуэхукі1э ягъэкІуэдыну, - жиІащ Шаганов Анзэ.

2007 гъэм щыщІэдзауэ Къэрэшей-Шэрджэсым «анэ капитал» сертификату мини 6,6-р щатащ.

Сымаджэщыр къызэрагъэпэщыж

АДЫГЕЙ. *Президентым и пресс-Іуэхущ1апІэм кьызэрритамкІэ, Адыгэ Республикэ клиникэ сымаджэщыр кьызэгъэпэщыжыным соя медуан 21-м нэблагъэ хуэхтІыпІынущ.*

А МЫЛЪКЪУМ ящыкІэ хирургие корпусым операцІэ щащІ и блокым зы кьат кьытращІыхьынущ, Кубань къэрал медициндж университетым Мейкьуапэ къэрал технологие университетым и Медицинэ институтымрэ актовэ залэр хуауэхунущ, студентхэм папщІэ ежьапІэ пэшилпІ кьыхагъэхьэжынущ, нэгъэущІ корпусхэри зэрагъэтэпэщыжынущ. Лэжьыгъэхэм мыгувэу щадзэнущ икІи ахэр ильэсым и кІэм эфІагъэкІыну я мурадщ. Ахъшэр республикэ бюджетым кьыхьэкІынущ.

Анэ капиталыр къагъэсэбэп

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и къудамэу Къэрашей-Шэрджэсыр щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Шаганов Анзэ зэрыжиІамкІэ, республикэм и унагъуэ 30-м щІигъуэ анэ капиталхэмкІэ псэуПІэ кредитхэр япшыжащ.*

- ИЛЬЭСЫМ зэрыщІидзэрэ, унагъуэ 50-м ильэсыкІэ зыкьыхуагъэзащІ я анэ капиталхэр псэупІэ кредитхэм пэдгъэкІуэну. Абы щыщу 30-м щІигъур дгъэщІэхъуакъым. КьыщынэмыщІауэ, псоми Іэмал яІэщ анэ капиталым зыуэ ят пособие сом мин 12-р кьыхахыу я щхьэ Іуэхукі1э ягъэкІуэдыну, - жиІащ Шаганов Анзэ.

2007 гъэм щыщІэдзауэ Къэрэшей-Шэрджэсым «анэ капитал» сертификату мини 6,6-р щатащ.

ЗэпыщІэныгъэхэр йофІакІуэ

АБХЪАЗ. *УФ-м Федерацэмкі э и Советым и Федеральнэ Зэхуэсым и дыкІуэ гуп дэжьыгъэ Іуэхукі э ражьблагъэ Сыхьум щыІащ.*

АБХЪАЗЫМ и Парламентым и Унафэщым и дэІэпыкьуэгъу Страничкинэ Галинэ зэрыжиІамкІэ, къэралитІым я информацІэ зэпыщІэныгъэхэр егъэфІэкІуэным, егъэджэныгъэм, туризмэм ехьэлІа Іуэхугъуэхэм лъэныкъуэхэр тепсэльыхьащ.

ХЬЭЩЫКЪУЭЙ Олег.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 11, *махуэку*

◎Ленриным и орденыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм етІуанэу кьыщыхуагъэфэща махуэщ (1957 гъэ).

◎**Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъ 25-м, кьухьэкІынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъ 46-м.**

Мэкъуауэгъуэм и 12, *мэрем*

◎Ираным президент хэхыныгъэхэр щекІуэкІынущ.

◎**Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъ 25-м, кьухьэкІынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъ 47-м.**

◎**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъ 24-рэ.**

Мэкъуауэгъуэм и 13, *щІэтт*

◎Великобританием и лъэпкъ махуэшхуэщ - Пащтых гущІэр кьыщыпасуа махуэщ (1926 гъэ).

◎Москва щекІуэкІынущ хамэ къэралІуэхугъэкІэ министрэхэм я зэІущІэхуэ.

◎Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр кьыщыззэрагъэпэща махуэщ (1936 гъэ).

◎**Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъ 24-м, кьухьэкІынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъ 47-м.**

◎**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъ 26-рэ.**

Мэкъуауэгъуэм и 14, *тхьэмахуэ*

◎**ЩІыху сымаджэхэм папщІэ зиль зытхэм я махуэщ.** Льыр гупкІэ зэрызэщхьэщыдзыр кьызыхута австрие щІэныгъэлІ Ландштейнер Карл кьыщыпасуа махуэм теухуэу ягъэльапІэ.

◎**Драматург, усакІуэ Лыхъс Мугъдин кьыщыпасуа махуэщ.**

◎**Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъ 24-м, кьухьэкІынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъ 48-м.**

◎**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъ 28-рэ.**

Мэкъуауэгъуэм и 15, *блыщІэ*

◎Азербайджаным и лъэпкъ махуэщхуэщ.

◎**Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъ 24-м, кьухьэкІынущ сыхьэт 20-рэ, дакьикъэ 48-м.**

◎**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 30-рэ.**

ПІэнэпэр зыгъэхъэзырар НЭДЗЫРЭ Азрэтщ.

Лъэпкъ Іуащхъэ:

Дыгъужьым и нэр жейми, и гур жейкъым.

Барроэз дошІ

Европарламентым и унафэщІ Барроэз Жозе Мануэл етІуанэу хахьыжыныр фІэмыфІу къэпсэльащ социалист фракцэм и пашэ Шулы Мартин.

Сэ сыдэрэзыкъым Барроэз етІуанэу хахьыжу. Ди нобэрей экономикэр армырми ехуэхащ, Жозе Мануэл и политикэ Іуэхущ1кІэ мышыр абы хэгъэхьжи, ЕС-м ди Іуэхуэр зэІыхьэпэнущ, - жиІащ абы.

Абы щыхьэІ кьомыну, ЕС-м и пашэхэр Барроэз зэрыдэщІыну ящІащ. Консерваторхэр щэ зэкІэльапытыу хэхыныгъэхэм зэрыщытекІуагъэнщ Шулы зи унафэщІ социалистхэм я псэм темыхуэр.

Ар сытым и нэщхэ?

Урысейм щыпсэухэр дунейпсо экономико-финанс кризисым зэрыхущытыр къэзыхутахэм зэрыжаІэмкІэ, ди цІыхуэхэм я процент 16-м псори зытегъэзыхьх Іуэхуэхэр зыуи кьрадгъэрыкым.

ЩІэныгъэлІхэм кьызэральытэмкІэ, ар кьызыхьэкІыр кризисыр Урысейм апхуэдэу гуащІэу кьызэрыльэмыІэсаращ, фабрикэ, завод зэхуащІыжьыкІэ хъуныхэр нэхъ япэІуэкІэ зэрыльэпъэжам кьыхьэкІыу.

Кайданов Аркадий щІоупщІэ

Мы программэм упщІэ «тынши» жэуап кьызэрыгуэкІи хэткъым. Ар икІи интервью дыдэкъым, атІэ ди гъащІэм хэль гугъуехьхэм ятеуха псалъэмакъ зэІуащ. Си ныбжькІэ зэхуэдэ, блэкІа зэманым теуха гукъэкІыжхэм зэпэгъунэгъу ищІ, ауэ гъащІэм зэрыщыгъуазэмкІи, социальнэ жэуапІныныгъэу яхьымкІи зэщхьэщыкІ цІыхухэуитІым я псалъэмакъщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен кьыщопсальэ тхакІуэ икІи журналист Кайданов Аркадий «Хэхауэ дэтхэнэми хуэгъэзауэ» и телепроектым и кьыдэкІыгъэщІэн.

Программэр къатынущ «Россия» телеканалым - мэкъуэгъуэгъуэм и 13-м сыхьэт 11.20-м, НТВ телеканалым - мэкъуэгъуэм и 15-м сыхьэт 18.25-м, «Мир» телеканалым - мэкъуауэгъуэм и 16-м сыхьэт 20.30-м.

Щыхуабащэм деж псыхэри мэятэ

● Абы дегъэпІейтей

КЪБР-м и «Снежмелиоводхоз» Іуэхущ1апІэм псы Іуфхэр зэтес зыщІ и «Водник» ООО-м техникэ хьэльэхэр, бульдозер 6 щегъэлажьэ Псыгуэнсу, Старэ Шэрдж, Шэрдж Ищхьэрэ, Псынабэ, Псыкуэд жьылагъуэхэм гъэмахуэ псы кьиугъэм эрарыгъэшхуэ кьыхуэныхь Шэрдж ящым и Іуфхэм.

«НЭХЪ ПАСЭУ мы лэжьыгъэм дыпэрыхьэфакъым, ахъшэ зэрытхурымкІым кьыхэкІыу. Иджы псыр лъагэу кьыдэкІуеящи дыкъыкІэр куэдкІэ нэхъ гугъу кьытщещІ», - жаІэ Псынабэ къуажэм и псыхъэм щылажьэ щІыхуэхэм.

Апхуэдэ лъэпощхьэпохэм щхьэкІи къэмынэу, лэжьакІуэхэр я къару емыблэжу пэщІэтщ уэлбанэрилэу екІуэкІа махуэхэм кьыдэкІуэнкІэ хъуну щынагъуэм. ТехникэкІэ ухуакІуэхэр тэмэму кьызэтэощащ. Дагъэгъэсмыпхьэр и чэзум кьызэрыхурашалІэм и фІыгъэкІэ, лэжьыгъэр зэрыщІэм щолажьэ Шэрэдж, Псыгуэнсу псыхэр щыІэхэльадэ щІыпІэми. Псы кьиугъэр мыбдежьым щыхуажьэдэхэм кьыщыхьэхэмыуэ пэтми, хьупІэу кьагъэсэбэп тафэхэр щрилъэскІ щыІэщ. Абы кьыхэкІыу псы нэпкъэр зэрыбдыз. Мы лэжьыгъэхэм жищмахуэ ямыІэу кІэльопІь Аруан куей администрацэмрэ кьэхьукъащІэ щынагъуэхэм пэщІэтыныныкІэ район кьудамэмрэ я Іэщагъэлэхэр. Псы Іуфэхэр гъэбдэнырбжьыхьэр кьиухэхуу екІуэкІынущ. Мы гъэмахуэр хуабащэу щытыпи, абы узлбанэшхуэ кьиущиу зэрыкъугъэфащэр кьэпльыгъэмэ, ІэщагъэлІхэр нэхъыбэу зытегъэзыыхьыр гурыІуэгъуэщ.

ЖАНОКЪУЭ Сиз.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 11, *махуэку*

◎**Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъ 24-м, кьухьэкІынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъ 46-м.**

◎**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъ 30-рэ.**

Мэкъуауэгъуэм и 12, *мэрем*

◎**Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъ 24-м, кьухьэкІынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъ 47-м.**

◎**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъ 24-рэ.**

Мэкъуауэгъуэм и 13, *щІэтт*

◎**Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъ 24-м, кьухьэкІынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъ 47-м.**

◎**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъ 26-рэ.**

Мэкъуауэгъуэм и 14, *тхьэмахуэ*

◎**ЩІыху сымаджэхэм папщІэ зиль зытхэм я махуэщ.** Льыр гупкІэ зэрызэщхьэщыдзыр кьызыхута австрие щІэныгъэлІ Ландштейнер Карл кьыщыпасуа махуэм теухуэу ягъэльапІэ.

◎**Драматург, усакІуэ Лыхъс Мугъдин кьыщыпасуа махуэщ.**

◎**Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъ 24-м, кьухьэкІынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъ 48-м.**

◎**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъ 28-рэ.**

Мэкъуауэгъуэм и 15, *блыщІэ*

◎Азербайджаным и лъэпкъ махуэщхуэщ.

◎**Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъ 24-м, кьухьэкІынущ сыхьэт 20-рэ, дакьикъэ 48-м.**

◎**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 30-рэ.**

ПІэнэпэр зыгъэхъэзырар НЭДЗЫРЭ Азрэтщ.

Лъэпкъ Іуащхъэ:

Дыгъужьым и нэр жейми, и гур жейкъым.

Фыдогъэблагъэ!

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэ Епщыкіутіанэ джэгуГуэ «Спартак-Налшык» - «Зенит» (Санкт-Петербург) Налшык. «Спартак» стадион. Мэкъуауэгъуэм и 14. Сыхьэт 19-м.

Дэтхэнэ зыми и пащхьэ

(КІуухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Декларацэм ипкъ иткІэ, суверенитетыр къызыпкърыкІри, къэрал властым и лъжаплЭри лъэпкъ куэду зэхэт цІыхубэрщ икІи кІыпкъ куэду зэхэт псалъэхэм мыбдеж мыхьэнэ хэха щаІэщ.

Зи гугъу тщІы документым ипкъ иткІэ, правовой къэралым и хабзэ нэхъыщхьэ дыдэм къезэгъыу, законхэр кьыдэзыгъэкІ, гъэзэщІакІуэ, суд властхэр зэпачъщхьэхуакІащ.

Декларацэм апхуэдэу нубзыхущ къэрал суверенитетыр щІагъэувар зытеухуа мурад иэхъыщхьэ дыдэу тІу. Япэр - тэмэму псэуну, хуиту зиужьыну, и анэдэлъхубзэр кьиІгъэсэбэпыну цІыхум кьыдигъэщІа хуитыныгъэр дэтхэнэми кьыхуэпэжыщыру. Нэхъ иужькІэ а мардэм Конституцэм зыщрагъэужащ. Абы игъэуващ цІыхур, абы и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ фІыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытыр.

Къэрал суверенитетыр щІагъэувар зытеухуа егІуанэ мурадыр дэтхэнэ лъэпкъми езым зэрызиужьыну щыкІэр лъэпкъкъэралыгъуэ, лъэпкъ-щэнхабзэ Іэмалхэм кьриубыдэу кьыхихыныкмкІэ хуитыныгъэ кьыхуэзгъэпэщыныр. РСФСР-м и щы-хубэ депутатхэм я съездми щыщІагъэбыдащ лъэпкъхэм, автономиэ республикэхэм щыпсэухри хиубыдэу, хуитыныгъэ нэхъыбэ яІэн зэрыхьейр.

Дызэрыщыгъуаэзщи, а хуитыныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрми кьигъэсэбэнащ. КъБССР-м и Къэрал суверенитетым теуху декларацэр 1991 гъэм щышышлэм и 30-м кьиштэри, абы Урысей Федерацэм хэту езым и къэралыгъуэщІэ зэриухуэнум и лъабжьэхэр игъэтІылащ. Абы ельэІІауэ къэгъэлъэгъуапхъэщ ди республикэм, абы и къэралыгъуэм заужьынымкІэ РСФСР-м и Къэрал суверенитетым и декларацэр кьиузэращтар зи чэзу Іуэхугъуэ щхьэхуэм кьыщымыиэр, зэман куэдкІэ зытетыну лъабжьэ зэрыхьуар.

ИщхьэкІэ зэрыщыжьыІащи, РСФСР-м и Къэрал суверенитетым и декларацэм щыубзыхуа Іуэхугъуэхэр иджырей Урысей Федерацэр зэтегъэувэным лъабжьэ хуэхьащ, ар Урысей Федерацэм и пкъыгъуэ нэхъыщхьэу хыхьэри, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и иджырей Конституцэр щагъэхьэзырым гъуаэз яхуэхьащ.

Демократием и хабзэхэм тет Урысейр щыІэтеуба лъэхъэнэм ухуепльэкІыжмэ кьыбгуроІуэ ар кьыззымыкІуэу гугъуу, зныкьыжькъу инхэр хэльу зэрекІуэкІар. Дэ фІыуэ дощІэж политикэ, экономикэ кризисхэм я илъэхэр. Тщыгъупщакьым ахъшэм и уасэм псынщІэу кІэрыкуэу, улаху хуэр ямыту, тыкуэнхэр иэщІу, щІэпхъаджащІэхэри етауэ зэрыщытар. Ауэ зэпытчА гъуэгуанэм хэльа гугъуехьхэм ди зэхэщІыкІыр кьаІэтащ, ди зэуапІныгъэм хагъэхьуащ, ди зэфІэкІри зэгъэбыдащ. Мы зэманым Урысейм и экономикэр къэрал кІуэщІ валюэр иэхьыбэ дыдэ кьыщІэзыгъэкІхэм ящыщщ. А псоми ди къэралым дыщІригушхуэн фІэщхъьныгъэ кьытхалхъэ.

Къэралым и къарум и хэкІыпІэр щІыухэрщ, абыхэм хэкур ягъэбыдыну, ар иратъэфІэкІуэну, иджырей хабзэхэм екІуэзрагъэужьыну тегушхуауэ зэрылажьэрщ.

Ди щІыхубзми яхуэфэщэн тегушхуэныгъэ, кьару, зэхэщІыкІ яхэлъщ езыхэм я щІыналъэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр, зэрыщыту Урысейр зызыужь, ефІакІуэ къэрал ящІыныкмкІэ, дэтхэнэми кьулеиІуэ кьэгъэлъэгъуапхъэщ ди республикэм, абы и къэралыгъуэм заужьынымкІэ РСФСР-м и Къэрал суверенитетым и декларацэм ипкъ иткІэ, суверенитетыр кьызыпкърыкІри, къэрал властым и лъжаплЭри лъэпкъ куэду зэхэт цІыхубэрщ икІи кІыпкъ куэду зэхэт псалъэхэм мыбдеж мыхьэнэ хэха щаІэщ.

Зи гугъу тщІы документым ипкъ иткІэ, правовой къэралым и хабзэ нэхъыщхьэ дыдэм къезэгъыу, законхэр кьыдэзыгъэкІ, гъэзэщІакІуэ, суд властхэр зэпачъщхьэхуакІащ.

Декларацэм апхуэдэу нубзыхущ къэрал суверенитетыр щІагъэувар зытеухуа мурад иэхъыщхьэ дыдэу тІу. Япэр - тэмэму псэуну, хуиту зиужьыну, и анэдэлъхубзэр кьиІгъэсэбэпыну цІыхум кьыдигъэщІа хуитыныгъэр дэтхэнэми кьыхуэзгъэпэщыныр. Нэхъ иужькІэ а мардэм Конституцэм зыщрагъэужащ. Абы игъэуващ цІыхур, абы и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ фІыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытыр.

Къэрал суверенитетыр щІагъэувар зытеухуа егІуанэ мурадыр дэтхэнэ зэхэщІыкІыр кьаІэтащ, ди зэуапІныгъэм хагъэхьуащ, ди зэфІэкІри зэгъэбыдащ. Мы зэманым Урысейм и экономикэр къэрал кІуэщІ валюэр иэхьыбэ дыдэ кьыщІэзыгъэкІхэм ящыщщ. А псоми ди къэралым дыщІригушхуэн фІэщхъьныгъэ кьытхалхъэ.

Къэралым и къарум и хэкІыпІэр щІыухэрщ, абыхэм хэкур ягъэбыдыну, ар иратъэфІэкІуэну, иджырей хабзэхэм екІуэзрагъэужьыну тегушхуауэ зэрылажьэрщ.

Ди щІыхубзми яхуэфэщэн тегушхуэныгъэ, кьару, зэхэщІыкІ яхэлъщ езыхэм я щІыналъэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр, зэрыщыту Урысейр зызыужь, ефІакІуэ къэрал ящІыныкмкІэ, дэтхэнэми кьулеиІуэ кьэгъэлъэгъуапхъэщ ди республикэм, абы и къэралыгъуэм заужьынымкІэ РСФСР-м и Къэрал суверенитетым и декларацэм иджыри кьиІгъэувыщ.

РСФСР-м и Конституцэмрэ и законхэмрэ СССР-м и хабзэгъэувэ актхэм нэхъри нэхъыщхьэу;

РСФСР-м и цыхуэ псори, и по литииэ партхэри, и цыхуэбэ зэгъэхьэныгъэхэри я хуитыныгъэрэ щхьэхуитыныгъэкІэ зэхуэдэу;

хабзэгъэув, гъэзэщІакІуэ, суд властхэр зэкъегъэщхьэхуакІуэ щытын хуейуэ,

РСФСР-м и автономиэ республикэхэм, щІыналъэхэм, округхэм я хуитыныгъэхэр куэдкІэ нэхъ ин, нэхъыбэ щІын хуейуэ;

НэгъуэщІу жыпІэмэ, автономиэ республикэу щыта КъБАССР-м и къэрал хуитыныгъэхэм зиубгъуным, ар езым и къэралыгъуэ зиІэж республикиэ щхьэхуэу Урысей Федерацэм кьыхэнэным лъабжьэ хуэхьуар а Декларацэращ.

ФІы куэд пхужьІэнущ а тхьылъым теухуауэ, ауэ, дыззеріпльмкІэ, абы укьеджкэмэ нэхьыфІщ, минрэ ар зыхуэдэм зыгуэр кьыпхутепсэлъыхь нэхъри. Абы кьыхэкІыуи, фи пащхьэ идолхьэ 1990 гъэм мэкъуаугъуэм и 12-м Совет Нэхъыщхьэм и щІыхубэ депутатхэм я япэ съездым кьиштэ Декларацэр.

РСФСР-м и къэрал суверенитетым и Декларацэ

РСФСР-м и цІыхубэ депутатхэм я япэ съездым

тхыдэ и лъэныкъуэкІэ Урысейм и кІэкІуэнур убзыхуным пыщІауэ ихь жэуапльныгъэр зыху эдизыр кьыгурыІуэу,

Совет Социалист Республикэхэм я Союзым хыхьэ лъэпкъ псоми яІэ суверенитет хуитыныгъэхэм пщІэ зэрыхуицІыр кьигъэлъагъэу,

РСФСР-м щыпсэу лъэпкъхэр зыхуэщІэкъур игъэзащІэу,

Урысей Совет Федеративнэ Социалист Республикэм и къэрал суверенитетыр абы и щІыналъэ псоми кьыщещтэ икІи жеІэ ССР Союз зызыхьуэжам хэту демократ правовой къэралыгъуэ кьызэгъэпэщыным тегушхуауэ иужь зэрихьэр.

1. Урысей Совет Федеративнэ Социалист Республикэр къэрал щхьэхуитщ, тхыдэм и кІыхьагъкІэ абы щыпсэу лъэпкъхэм кьызэрагъэпэщауэ.

2. РСФСР-м и суверенитетыр - Урысейм и къэралыгъуэр щыІэныр зытещІыхьа Іуэхугъ. Абы иІэщ лІэщІыгъуэ куэд кьызэщІэзыубыдэ тхыдэ, щэнхабзэ, хабзэ убзыхуэхэр.

3. РСФСР-м и суверенитетыр зезыхьэри, абы и къэрал властыр кьызыпкърыкІри лъэпкъ куэду зэхэт и цІыхубэращ. ЦІыхубэм егъэзащІэ Іуэхугъуэхэр кьызэгъэпэщынращ.

5. РСФСР-м и суверенитетым и политикэ, экономикэ, правовой щэсыпІэхэр иІэн папщІэ, догъэув:

къэрал, цІыхубэ гъащІэм т еухуа Іуэхугъуэ псоми РСФСР-м зэрыхуейуэ унафэ трищІыхьыжину бгъэдэль властым кьотІасэ, езым и жэрдэмкІэ ССР Союзым Іэщіилъхь Іуэхугъуэхэм кьищынэмыщІауэ;

РСФСР-м и Конституцэмрэ РСФСР-м и Законхэмрэ РСФСР-м и щІыналъэ псоми щынэхьыщхьэщ. РСФСР-м и хуитыныгъэхэм кьыпэщІэувэу ССР Союзым кьищтэ актхэр республикэм и щІыналъэ псом щыпсэтоувыІэ. Республикэмрэ Союзымрэ я зэхуаку кьыдэхьуэ зэгурымыІуэныгъэ псоми я зэхэгъэкІа мэхъу Союзхэм я зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ;

Урысейм и лъэпкъ мыльку абы и цІыхубэм кьиІгъэсэбэпыныкмкІэ, унафэ тращІыхьыныкмкІэ пэрыуэн Іуэхугъуэ щыІэн хуейкьым:

РСФСР-м и лІыкІуэхэр щыІэнущ нэгъуэщІ союз республикэхэмрэ хамэ кьэралхэмрэ;

Республикэр хуитщ ССР Союзым кьыІэщІилъхьа хуитыныгъэ псори гъэзэщІэным тепэжьэну.

6. Урысей Совет Федеративнэ Социалист Республикэр Союзым хэт адрей республикэхэм гуохьэ зэгурыІуэныгъэм ипкъ итмэ. РСФСР-м кьельытэ икІи пщІэ хуеІ союз республикэхэми Союз ССР-ми я хуитыныгъэхэм.

7. Союз зэгурыІуэныгъэмрэ ар зи лъабжьэ зэгурыІуэныгъэмрэ япкъ иткІэ, РСФСР-м кьызыхуеГъэнэжж щхьэхуиту СССР-м кьыхэкІыжыну иІэ хуитыныгъэхэр.

8. РСФСР-м и щІыналъэ убзыхуэхэм зэхьуэжкІыныгъэ гуэрхэр халъхьэну хуиткъым, цІыхубэм и арэзыныгъэр референдумым кьыщимыгъэлъэгъуауэ.

9. РСФСР-м и цІыхубэ депутатхэм я съездыр щыхьэт тохьуэ автономиэ республикэхэм, автономиэ областхэм, автономиэ округхэм, апхуэдэуи РСФСР-м и крайхэмрэ областхэмрэ яІэ хуитыныгъэхэм куэду зегъэубгъун зэрыхуейм. А хуитыныгъэхэр гъэзэщІэным пыщІа Іуэхугъуэхэр нубзыхупхъэщ Федерацэм и лъэпкъ-къэрал, административнэ-щІыналъэ ухуэкІэм теухуауэ РСФСР-м иІэ законодательствэм.

Къэралым и цІыху псоми, гражданствэ имыІэу РСФСР-м и щІыналъэм щыпсэухэми я хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ РСФСР-м и Конституцэм, СССР-м и Конституцэм, дунейпсо хуитыныгъэхэм кьагъэув хабзэхэм тету хьумэным и щэсыпІэ псори щыІапхъэщ.

РСФСР-м щыпсэу лъэпкъхэм щыщу езым и лъэпкъ-къэралыгъуэ щІыналъэхэм щымыпсэухэм е РСФСР-м и щІыналъэм хиубыдэу апхуэдэ лъэпкъ-къэралыгъуэ щІыналъэ зимыІэхэм политикэ, экономикэ, лъэпкъ хабзэ, щэнхабзэ хуитныныгъэу яІэ псори законхэмкІэ кьыззэгъэпэща икІи хьума мэхъу.

11. РСФСР-м и щІыналъэ псоми щыдогъэув РСФСР-м и республикэ гражданствэр. РСФСР-м и дэтхэнэ зы цІыхуми дежи хьума мэхъу СССР-м и гражданствэри.

Республикэм и щІыналъэм икІамэ, РСФСР-м и гражданствэ зиІэж ЗР РСФСР-м ящыу, абы кьыщыхьэщож.

12. И цІыху псоми, политикэ партхэми, цІыхубэ организацэхэми, цІыхубэ зэщІэхьеенныгъэхэми, дин организацэхэми, ахэр РСФСР-м и Конституцэм кьитІасэу лажьэмэ, зэхуэдэ хуитныгъэрэ зэфІэкІрэ яІэу къэрал, цІыхубэ Іуэхуэхэм хэлэжьыхьыныкмкІэ щэсыпІэхэр РСФСР-м кьыззэрегъэпэщ.

13. Хабзэгъэув, гъэзэщІакІуэ, суд властхэр зэхэгъэщхьэхуэкІыныр РСФСР-р правовой къэралхъуным и щэсыпІэ нэхьащхьэщ.

14. РСФСР-м жеІэ псоми кьыззэдащтэ дунейпсо хуитныгъэхэр зэриГъэпэжыр, ар къэрал, лъэпкъ псоми мамыру, яІуплІуэу псэуну зэрыхьэзырыр, дуней псом, республикэхэм, лъэпкъхэм я зэхуаку кьаугъэ дэмыльын папщІэ Іэмал псори кьыззэриГъэсэбэпынур, абы щыгъуэми Урысейм и лъэпкъхэм я фейдэ зыхэльыр зэрихьумэнур.

Мы Декларацэр лъабжьэ хуэхьупхъэщ РСФСР-м и Конституцэщ кьыззэгъэпэщыным, Союз зэгурыІуэныгъэщІэр ещІыпІэным, республикэм и законодательствэр егъэфІэкІуэным.

РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэщ ЕЛЬЦИН Б.Н.

Москва, Кремль. 1990 гъэ, мэкъуауэгъуэм и 12.

КІыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ я зэныбжьэгъугъэр быдэт. *1967 гъэ*

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен уэрджыкІакІуэ щІэрыІуэ Билан Димэ иретъэлІагъэ. *2008 гъэ*

КъБР-м и Правительствэм и Унэрщ.

«Синдикъ» интурист хьэщІэщыр.

КъБР-р Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум и цІэкІэ щыІэ утырщ.

Махуэшхуэхэр щагъэльапІэ «Эльбрус» уардэунэрщ.

Налшык щыгъэжапІэр.

Хабзэмрэ захуагъэмрэ трагъащІэ

Урысейм и махуэр, нэгъуэщІу жыпІэмэ, Урысейм и щхьэхуитныныгъэм и махуэр (апхуэдэущ абы зэреджэу щытар 2002 гъэ пщІондэ) - ар ди къэралым и гуфІэгъуэ махуэ «нэхъыщІэ» дыдэхэм ящыщ зыщ.

1994 гъэм Урысейм и япэ Президент Ельцин Борис и унафэкІэ мэкъуауэгъуэм и 12-м къэрал мыхьэнэ ирет - ар Урысейм и къэрал суверенитетым и Декларацэр кьыщащта махуэу егъэув. А щыхьэт тхылъым Іэ щыщІэ дзат илъэсиплКІэ и пэ иту екІуэкІа РСФСР-м и цІыхубэ депутатхэм я япэ съездым. А зэманым СССР-м хэта республикэхэр зэкІэлъхьэужьу къэрал щхьэхуит хъурт. ИужькІэ нэхъ гъэкІащІауэ абы Щхьэхуитныныгъэм и махуэ фІащыжащ. Мэкъуаугъуэм и 12-рщ Іэ Іэткіэ хаха япэ Президент Урысейм щигъэтари.

1998 гъэм Урысейм и Президент Ельцин Борис и махуэм мыхьэнэщІэ иритыну хуэжьат, мэкъуауэгъуэм и 12-р Урысейм и Махуэу гъэлъэпІэн хуейуэ кьыхилъхьэри. Арщхьэкіэ, абы нэгъуэщІ фІэщыгъэщІэ щигъуэтар 2002 гъэм мазаем и 1-рщ. Икіи а Іуэхумкіэ сэбэн хъуар дзат илъэсиплКІэ и пэ иту екІуэкІа РСФСР-м и цІыхубэ депутатхэм я япэ съездым. А зэманым СССР-м хэта республикэхэр зэкІэлъхьэужьу къэрал щхьэхуит хъурт. ИужькІэ нэхъ гъэкІащІауэ абы Щхьэхуитныныгъэм и махуэ фІащыжащ. Мэкъуаугъуэм и 12-рщ Іэ Іэткіэ хаха япэ Президент Урысейм щигъэтари.

ГЪУЩІО Зарифэ.

Дыгулыбгъуей къуажэ.

«Си бзэ-си псэ, си дунейн» зэпеуэм хэтхэр.

Лэскэн куей.

Налшык дэт мэждыгъышхуэр.

«Сосрыкъуэ» шхапІэр.

РСФСР-м и къэрал суверенитетым и Декларацэм теухуауэ

УРЫСЕЙМ и махуэ зэрыщытыр, ефІэкІуэ лъэпІэным щхьэусыгъуэ щыІэ ящыщхьэщхьэщхьэ хуэхьуар РСФСР-м и къэрал суверенитетым теухуа Декларацэр 1990 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м Совет Нэхъыщхьэм и щІы убэ депутатхэм я япэ съездым кьыззэрищтарщ. РСФСР-м и къэралыгъуэщІэр, СССР-м хьихь демократ къэралыщІэр кьызэгъэпэща зэрыхьум кьищынэмыщІа, а Декларацэм иджыри кьиІгъэувыр:

РСФСР-м и Конституцэмрэ и законхэмрэ СССР-м и хабзэгъэув актхэм нэхъри нэхъыщхьэу;

РСФСР-м и цІыхуэ псори, и по литииэ партхэри, и цІыхубэ зэгъэхьэныгъэхэри я хуитныгъэрэ щхьэхуитныныгъэкІэ зэхуэдэу;

хабзэгъэув, гъэзэщІакІуэ, суд властхэр зэкъегъэщхьэхуакІуэ щытын хуейуэ,

РСФСР-м и автономиэ республикэхэм, щІыналъэхэм, округхэм я хуитныныгъэхэр куэдкІэ нэхъ ин, нэхъыбэ щІын хуейуэ;

НэгъуэщІу жыпІэмэ, автономиэ республикэу щыта КъБАССР-м и къэрал хуитныгъэхэм зиубгъуным, ар езым и къэралыгъуэ зиІэж республикиэ щхьэхуэу Урысей Федерацэм кьыхэнэным лъабжьэ хуэхьуар а Декларацэращ.

ФІы куэд пхужьІэнущ а тхылъым теухуауэ, ауэ, дыззеріпльмкІэ, абы укьеджкэмэ нэхьыфІщ, минрэ ар зыхуэдэм зыгуэр кьыпхутепсэлъыхь нэхъри. Абы кьыхэкІыуи, фи пащхьэ идолхьэ 1990 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м Совет Нэхъыщхьэм и щІыхубэ депутатхэм я япэ съездым кьиштэ Декларацэр.

РСФСР-м и къэрал суверенитетым и Декларацэ

РСФСР-м и цІыхубэ депутатхэм я япэ съездым

тхыдэ и лъэныкъуэкІэ Урысейм и кІэкІуэнур убзыхуным пыщІауэ ихь жэуапльныгъэр зыху эдизыр кьыгурыІуэу,

Совет Социалист Республикэхэм я Союзым хыхьэ лъэпкъ псоми яІэ суверенитет хуитныныгъэхэм пщІэ зэрыхуицІыр кьигъэлъагъэу,

РСФСР-м щыпсэу лъэпкъхэр зыхуэщІэкъур игъэзащІэу,

Урысей Совет Федеративнэ Социалист Республикэм и къэрал суверенитетыр абы и щІыналъэ псоми кьыщещтэ икІи жеІэ ССР Союз зызыхьуэжам хэту демократ правовой къэралыгъуэ кьызэгъэпэщыным тегушхуауэ иужь зэрихьэр.

1. Урысей Совет Федеративнэ Социалист Республикэр къэрал щхьэхуитщ, тхыдэм и кІыхьагъкІэ абы щыпсэу лъэпкъхэм кьызэрагъэпэщауэ.

2. РСФСР-м и суверенитетыр - Урысейм и къэралыгъуэр щыІэныр зытещІыхьа Іуэхугъ. Абы иІэщ лІэщІыгъуэ куэд кьызэщІэзыубыдэ тхыдэ, щэнхабзэ, хабзэ убзыхуэхэр.

3. РСФСР-м и суверенитетыр зезыхьэри, абы и къэрал властыр кьызыпкърыкІри лъэпкъ куэду зэхэт и цІыхубэращ. ЦІыхубэм егъэзащІэ Іуэхугъуэхэр кьызэгъэпэщынращ.

5. РСФСР-м и суверенитетым и политикэ, экономикэ, правовой щэсыпІэхэр иІэн папщІэ, догъэув:

къэрал, цІыхубэ гъащІэм т еухуа Іуэхугъуэ псоми РСФСР-м зэрыхуейуэ унафэ трищІыхьыжину бгъэдэль властым кьотІасэ, езым и жэрдэмкІэ ССР Союзым Іэщіилъхь Іуэхугъуэхэм кьищынэмыщІауэ;

РСФСР-м и Конституцэмрэ РСФСР-м и Законхэмрэ РСФСР-м и щІыналъэ псоми щынэхьыщхьэщ. РСФСР-м и хуитныныгъэхэм кьыпэщІэувэу ССР Союзым кьищтэ актхэр республикэм и щІыналъэ псом щыпсэтоувыІэ. Республикэмрэ Союзымрэ я зэхуаку кьыдэхьуэ зэгурымыІуэныгъэ псоми я зэхэгъэкІа мэхъу Союзхэм я зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ;

Урысейм и лъэпкъ мыльку абы и цІыхубэм кьиІгъэсэбэпыныкмкІэ, унафэ тращІыхьыныкмкІэ пэрыуэн Іуэхугъуэ щыІэн хуейкьым:

РСФСР-м и лІыкІуэхэр щыІэнущ нэгъуэщІ союз республикэхэмрэ хамэ кьэралхэмрэ;

Республикэр хуитщ ССР Союзым кьыІэщІилъхьа хуитныныгъэ псори гъэзэщІэным тепэжьэну.

6. Урысей Совет Федеративнэ Социалист Республикэр Союзым хэт адрей республикэхэм гуохьэ зэгурыІуэныгъэм ипкъ итмэ. РСФСР-м кьельытэ икІи пщІэ хуеІ союз республикэхэми Союз ССР-ми я хуитныныгъэхэм.

7. Союз зэгурыІуэныгъэмрэ ар зи лъабжьэ зэгурыІуэныгъэмрэ япкъ иткІэ, РСФСР-м кьызыхуеГъэнэжж щхьэхуиту СССР-м кьыхэкІыжыну иІэ хуитныныгъэхэр.

8. РСФСР-м и щІыналъэ убзыхуэхэм зэхьуэжкІыныгъэ гуэрхэр халъхьэну хуиткъым, цІыхубэм и арэзыныгъэр референдумым кьыщимыгъэлъэгъуауэ.

9. РСФСР-м и цІыхубэ депутатхэм я съездыр щыхьэт тохьуэ автономиэ республикэхэм, автономиэ областхэм, автономиэ округхэм, апхуэдэуи РСФСР-м и крайхэмрэ областхэмрэ яІэ хуитныныгъэхэм куэду зегъэубгъун зэрыхуейм. А хуитныныгъэхэр гъэзэщІэным пыщІа Іуэхугъуэхэр нубзыхупхъэщ Федерацэм и лъэпкъ-къэрал, административнэ-щІыналъэ ухуэкІэм теухуауэ РСФСР-м иІэ законодательствэм.

Къэралым и цІыху псоми, гражданствэ имыІэу РСФСР-м и щІыналъэм щыпсэухэми я хуитныныгъэхэмрэ щхьэхуитныныгъэмрэ РСФСР-м и Конституцэм, СССР-м и Конституцэм, дунейпсо хуитныныгъэхэм кьагъэув хабзэхэм тету хьумэным и щэсыпІэ псори щыІапхъэщ.

РСФСР-м щыпсэу лъэпкъхэм щыщу езым и лъэпкъ-къэралыгъуэ щІыналъэхэм щымыпсэухэм е РСФСР-м и щІыналъэм хиубыдэу апхуэдэ лъэпкъ-къэралыгъуэ щІыналъэ зимыІэхэм политикэ, экономикэ, лъэпкъ хабзэ, щэнхабзэ хуитныныгъэу яІэ псори законхэмкІэ кьыззэгъэпэща икІи хьума мэхъу.

11. РСФСР-м и щІыналъэ псоми щыдогъэув РСФСР-м и республикэ гражданствэр. РСФСР-м и дэтхэнэ зы цІыхуми дежи хьума мэхъу СССР-м и гражданствэри.

Республикэм и щІыналъэм икІамэ, РСФСР-м и гражданствэ зиІэж ЗР РСФСР-м ящыу, абы кьыщыхьэщож.

12. И цІыху псоми, политикэ партхэми, цІыхубэ организацэхэми, цІыхубэ зэщІэхьеенныгъэхэми, дин организацэхэми, ахэр РСФСР-м и Конституцэм кьитІасэу лажьэмэ, зэхуэдэ хуитныныгъэрэ зэфІэкІрэ яІэу къэрал, цІыхубэ Іуэхуэхэм хэлэжьыхьыныкмкІэ щэсыпІэхэр РСФСР-м кьыззэрегъэпэщ.

13. Хабзэгъэув, гъэзэщІакІуэ, суд властхэр зэхэгъэщхьэхуэкІыныр РСФСР-р правовой къэралхъуным и щэсыпІэ нэхьащхьэщ.

14. РСФСР-м жеІэ псоми кьыззэдащтэ дунейпсо хуитныныгъэхэр зэриГъэпэжыр, ар къэрал, лъэпкъ псоми мамыру, яІуплІуэу псэуну зэрыхьэзырыр, дуней псом, республикэхэм, лъэпкъхэм я зэхуаку кьаугъэ дэмыльын папщІэ Іэмал псори кьыззэриГъэсэбэпынур, абы щыгъуэми Урысейм и лъэпкъхэм я фейдэ зыхэльыр зэрихьумэнур.

Мы Декларацэр лъабжьэ хуэхьупхъэщ РСФСР-м и Конституцэщ кьыззэгъэпэщыным, Союз зэгурыІуэныгъэщІэр ещІыпІэным, республикэм и законодательствэр егъэфІэкІуэным.

РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэщ ЕЛЬЦИН Б.Н.

Москва, Кремль. 1990 гъэ, мэкъуауэгъуэм и 12.

• Куейхэм

«Ди Хэку»

АРАЩ ФІАЩАР Тырныауз къалэм дэт музейм кьыщыізэІуаха гъэлъэгъуэныгъэм. Мы махуэм ирихьэлІэу зэрагъэуІуа сурэтхэрэ тхыльпхэрэ теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я Къэрал Парламентым и Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал Парламентым и Къэрал Совет-Парламентым и Къэрал Совет-Парламентым и Къэрал Совет-

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм фокIадэм и 14-м кьыдигъэкIа Унафэ №249-ПП-м зэхъуэжьныгъэ хэльхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м *№99-ПП*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэ**мунафэ ещI:**

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Уэхуныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм фокIадэм и 14-м кьыдигъэкIа Унафэ №249-ПП-м зэхъуэжьныгъэ хэтхъэн икIи абы хэт «цIыху 60, кьулыкъукIэ я мазэ дзжьапIэ фондыр сом мин 281,81-рэ хьуу» псалъэхэр зэхъуэкIын «цIыху 58-рэ, кьулыкъукIэ я мазэ лэжьапIэ фондыр сом мин 273,77-рэ хьуу» жиIэу.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ЯРИН Андрей

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм мазаем и 17-м кьыдигъэкIа Унафэ №16-ПП-м зэхъуэжьныгъэ хэльхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м *№104-ПП*

Бюджет мылькъэ зэгъэзэхэн, псоми кьагъэсэбэну Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIыналъэм щыIэ автомобиль гъэгухэр транспорт щызекIуэн папщIэ ягъэува мардэхэм тету зехьэныр кьызэгъэпэщын икIи ахэр зыхуей хэгъэзэн мурадкIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

«2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и гъэгу хозяйствэр тэмэму лэжьэныр кьызэгъэпэщыным и лъэныкъэкIэ зэфIэгъэкIыпхьэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм мазаем и 17-м кьыдигъэкIа Унафэ №16-ПП-м зэхъуэжьныгъэхэр хэльхьэн икIи абы и гуэдзнхэу мы кьыкIэлыкIуэхэр щIэу кьэхьын:

2009 гъэм кьагъэсобэнымэ ахъщэм и хэкIыпIэхэмрэ ахэр зытрагъэкIуэдэнухэмрэ ятещIыхьауэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и гъэгу хозяйствэм хуаутIыпщ ахъщэр зэрытрагъашэр;

«Урысейм и транспорт системэр къэзэщIэрэщIэжьныр (2002-2010 гъэхэм)» федеральнэ программэ хэхар гъэзэщIэным хиубыдэу псоми кьагъэсобэн автомобиль гъэгуэгу щIыналъэ мыхьэнэ зиIэхэмрэ абыхэм тет уиунэныгъэхэмрэ ящыщу ящIынухэм, зэрагъэпэщыжынухэм я титул спискэр;

жылагъуэхэм я гъэгуэгьи хэту, псоми кьагъэсобэн автомобиль гъэгуэгуэм ящыщу 2009 гъэм яхуунэухэм, кьагъэщIэрэщIэжьнухэм я титул спискэр;

щIыналъэ, муниципальнэ автомобиль гъэгуэгъэм, абыхэм тет уиунэныгъэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и ахъщэкIэ 2009 гъэм зэрагъэпэщыжынухэм я титул спискэр.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ЯРИН Андрей

2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэдэжныгъэр щегъэфIэжIуэнымкIэ Проект зэхэтыр гъэзэщIэным теухуауэ федеральнэ бюджетым хухиха субсидиер тегушIэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м *№111-ПП*

«Урысей Федерацэм и субъектхэу егъэдэжныгъэр егъэфIэжIуэнымкIэ проект зэхэтхэр зыгъэзащIэхэм кьэрал дзэпсыхьунымрэ етыным и Iуэхукlэ» УФ-м и Правительствэм 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м кьищта Унафэ №848-мрэ «Урысей Федерацэм и субъектхэу егъэдэжныгъэр егъэфIэжIуэнымкIэ проект зэхэтхэр зыгъэзащIэу зэпеуэкIэ кьыхахахэр гъэбелджылыным и Iуэхукlэ» УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм 2009 гъэм мазаем и 4-м кьыдигъэкIа приказымрэ япкь иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Iуэхур зэгъэщIапIа и муниципальнэ щIыналъэхэм кьалэ щIыпIэхэм еджакIуэхэм я бжыгъэр зыхуэдизыр зэхуэду щагъэбелджылауэ, кьуажэ щIыпIэхэм еджакIуэхэм я бжыгъэр хуэдитIкIэ зэрыщIынхъыбэр кьалытауэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэдэжныгъэр щегъэфIэжIуэнымкIэ Проект зэхэтыр ягъэзэщIэн папщIэ федеральнэ бюджетым хухиха субсидиер зэрытрагъэшэну щыкIэм техуауэ кьыхалъхьар кьэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ и министерствэм (ЩIыгъэпсо С.Х.):

2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджэныгъэр щегъэфIэжIуэнымкIэ Проект зэхэтыр гъэзэщIэным екъэлIа Iуэхугъуэхэр мылькъуэ щIыгъэбыдзэн папщIэ, субсидиер зыхуэфащ бюджетхэм зэрыратынум, ар кьыхэрагъэсэбэнымэ щыкIэм теухуауэ зэгурыIуэныгъэхэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я администрацэхэм кьыдIэн;

ЗэгурыIуэныгъэхэм япкь иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ хуаутIыпщ субсидиехэр кьызэрагъэсэбэным зэрыкIэлыплIыну, отчет зэращIыну щIыкIэр яубзыхун.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм чэнджщ етын:

Федеральнэ мониторингым кьызэригъэлъагъэм хуэдэу, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт Iуэхущапи Iэм зэрыщрагъаджэ щыкIэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ, субсидие мылькъуэр зыхуаха мурадым кьыщыгъэсэбэнымкIэ кьызэрагъэпэщыну;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм зэриубзыхум тету, щIэх-щэхыурэ отчетхэр ятыну.

4. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлыплIыну и пщэ илъхьан Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ ДыщэкI М.Р.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ЯРИНАндрей

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м кьыдигъэкIа Унафэ №111-ПП-мкIэ кьыщтащ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Iуэхур зэгъэщIапIа и муниципальнэ щIыналъэхэм кьалэ щIыпIэхэм еджакIуэхэм я бжыгъэр зыхуэдизыр зэхуэду щагъэбелджылауэ, кьуажэ щIыпIэхэм еджакIуэхэм я бжыгъэр хуэдитIкIэ зэрыщIынхъыбэр кьалытауэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэдэжныгъэр щегъэфIэжIуэнымкIэ Проект зэхэтыр ягъэзэщIэн папщIэ федеральнэ бюджетым хухиха субсидиер зэрытрагъэшэну

№ П/П	Муниципальнэ щIыналъэ зэреджэр	2009 гъэм кьыхуаутIыщ ахъщэр зэрыхьур *(сом минкIэ)*
1.	Бахъсэн муниципальнэ район	17113,5
2.	Дзэлыкъуэ муниципальнэ район	12467,4
3.	Лэскэн муниципальнэ район	7458,1
4.	Май муниципальнэ район	5377,5
5.	Прохладнэ муниципальнэ район	11211,6
6.	Тэрч муниципальнэ район	10179,9
7.	Аруан муниципальнэ район	13125,8
8.	Шэджэм муниципальнэ район	12056,6
9.	Шэрдж муниципальнэ район	6959,0
10.	Iуащхьэмахуэ муниципальнэ район	6283,4
11.	Бахъсэн къалэ округ	7119,3
12.	Налшык къалэ округ	25614,5
13.	Прохладнэ къалэ округ	5870,5
14.	Республикэ IуэхущапIэхэр	2722,9
15.	Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэдэжныгъэр щегъэфIэжIуэнымкIэ Проект зэхэтыр гъэзэщIэныр кьыхэгъэпэщыным	2700,0
	Псори	**146260,0**

ПсэупIэхэмрэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэм пэкIуэ субсидиехэр кьыIахынымкIэ хуитынымкIэ зиIэ цIыхухэр щагъэбелджылыкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм кьыщагъэсэбэн стандартхэм я Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м *№112-ПП*

«ПсэупIэмрэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэм пэкIуэ субсидиехэр етыным и Iуэхукlэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2005 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м кьыдигъэкIа Унафэ №761-м ишкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Зы цIыхум тещIыхьауэ пэсупIэр мардэкIэ зыхуэдэн хуейм и стандартхэр гъэувын:

зи закьуэу псэум тещIыхьауэ метр зэбгъуэзнатIэ 33-рэ;

цIыхуитI зэрыс унагъуэм тещIыхьауэ метр зэбгъуэзнатIэ 21-рэ;

цIыхуиц зэрыс унагъуэм тещIыхьауэ метр зэбгъуэзнатIэ 18;

цIыхуиплI зэрыс унагъуэм тещIыхьауэ метр зэбгъуэзнатIэ 15;

цIыхуитху зэрыс унагъуэм тещIыхьауэ метр зэбгъуэзнатIэ 12;

цIыхуитх е нэхъыбэ зэрыс унагъуэм тещIыхьауэ метр зэбгъуэзнатIэ 10.

2. ПсэупIэмрэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэм пэкIуэ субсидиехэр 2009 гъэм кьыIахынымкIэ хуитынымкIэ зиIэ цIыхухэр щагъэбелджылыкIэ, псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэмкIэ стандарту кьагъэсэбэнхэр кьэщтэн мы Унафэм и гуэдзнхэу №1-11-хэм зэритым хуэдэу.

3. ПсэупIэмрэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэр тыным унагъуэм кьыIорыхьэ хэхъуэ псоми щыщу цIыхухэм нэхьыбэ дыдэу трагъэкIуадэм и стандартыр процент 22-рэ хьууэ гъэувын.

4. Мы Унафэм кьару егъэут официальнэу кьытрадзэу махуи 10 дэкIа нэужь икIи 2009 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ кьагъэсэбэн хабзэ зэхущытыкIэхэм я деж щызэкIуэ.

«ПсэупIэхэмрэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэм пэкIуэ субсидиехэр кьыIахынымкIэ цIыхухэм яIэ хуитынымкIэхэр щагъэбелджылыкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм кьыщагъэсэбэн стандартхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм щыщхьэIум и 6-м кьыдигъэкIа Унафэ №185-ПП-м кьару имыIэжу кьэлытын.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ЯРИН Андрей

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм 2009 гъэм жылагъуэ лэжьыгъэхэр кьыщызэгъэпэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм накьыгъэм и 4-м *№116-ПП*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лэжьыгъэ Iнатlэм щыщыIэ щытыкIэ ткIийр щигъэтэмэным мурадкIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэщтэн мы Унафэм щыгъуэху:

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ зэгуэхьэныгъэхэм 2009 гъэм щрагъэкIуэкIыпхьэ пщIэ зыпэкIуэ жылагъуэ лэжьыгъэхэм я зIуэжьыгъуэхэр;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ зэгуэхьэныгъэхэм 2009 гъэм щрагъэкIуэкIыну пщIэ зыпэкIуэ жылагъуэ лэжьыгъэхэр кьызэрагъэпэщын папщIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкIа мылькъуэ зытрагъэкIуадэмрэ учёт зэращIымрэ зэрекIуэкI щIыкIэр.

2. Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ чэнджщ етын цIыхухэм лэжьыгъэ егъэгъуэтынымкIэ центрхэм дзщIыгъуу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм 2009 гъэм щрагъэкIуэкIыну пщIэ зыпэкIуэ жылагъуэ лэжьыгъэхэр кьызэгъэпэщынымкIэ Iуэхугъуэхэр зэфIагъэкIыну.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансхэмкlэ и министерствэм (Бышэн А.А.) хуэгъэувын «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм 2009 гъэм и республикэ бюджетым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхъуэжьныгъэхэр щыхалъхьэкI Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм 2009 гъэм щрагъэкIуэкIыну пщIэ зыпэкIуэ жылагъуэ лэжьыгъэхэр кьызэрагъэпэщын папщIэ сом мелуан 20 хухахыну.

4. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлыплIыну и пщэ илъхьан Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ ДыщэкI М.Р.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ЯРИН Андрей



Налшык щыIэ «Долинск» сабий пансионатым гъмахуэ мазэхэм ныбжьыщIэ куэдым зыщагъэпсэху.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

КъБР-м и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ 2009 - 2010 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум хуэгъэхьэзырыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм накьыгъэм и 4-м *№117-ПП*

ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ, зихуэдэм емылъытауэ, социальнэ IэнатIэм хьихьэхэр 2009 - 2010 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэблэмыууэ лэжьэныр кьызэгъэпэщын мурадкIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм промышленностымкIэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Абрэдж А.Хь.) и пщэ илъхьан, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм чэнджщ етын:

лэжьыгъэм кьыщыбгъэсэбэн мыхьэжьну хуабэ-механикэ, электротехникэ Iэмэпсымэхэр, республикэм и кьуажэ щIыпIэхэм псы зэрыкIуэ я бжьамий зи пIальэр икIахэр модернизацэ щIыныр, зэхьэжьынымкIэ кьызэрагъэпэщыну;

2009 гъэм жиIуэгъуэм и 1-м щIондэ планым щыубзыхуахэр зэфIагъэкIыну икIи, щыIэ Положениэм кьызэригъэувын хуэдэу, электрокьаркIэ, хуабэкIэ кьызэзыгъэпэщ организацэхэр бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум зэрыхуэхьэзырыным и зэфIагъэкIыну Iуэхугъуэхэм я планыр (адэкIэ - Iуэхугъуэхэм я планыр);

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ 2009 - 2010 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум хуэгъэхьэзырынымкIэ комиссэм хэтхэр (адэкIэ - Комиссэ).

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кьэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я пщэм дэлъхьэн, республикэм и муниципальнэ районхэм, кьалэ округхэм, предприятэ, организацэ лIэужьыгъуэ псоми чэнджщ етын:

республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ, псэупIэ фондым и лIэужьыгъуэ псори 2009 - 2010 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум хуэгъэхьэзырынымкIэ лэжьыгъэхэр, кьалэ округхэм, предприятэ, организацэ лIэужьыгъуэ псоми чэнджщ етын:

республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ, псэупIэ фондым и лIэужьыгъуэ псори 2009 - 2010 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум хуэгъэхьэзырынымкIэ комиссэм хэтхэр (адэкIэ - Комиссэ).

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кьэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я пщэм дэлъхьэн, республикэм и муниципальнэ районхэм, кьалэ округхэм, предприятэ, организацэ лIэужьыгъуэ псоми чэнджщ етын:

республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ, псэупIэ фондым и лIэужьыгъуэ псори 2009 - 2010 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум хуэгъэхьэзырынымкIэ комиссэм хэтхэр (адэкIэ - Комиссэ).

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кьэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я пщэм дэлъхьэн, республикэм и муниципальнэ районхэм, кьалэ округхэм, предприятэ, организацэ лIэужьыгъуэ псоми чэнджщ етын:

4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кьэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я пщэм дэлъхьэн, предприятэ, организацэ лIэужьыгъуэ псоми чэнджщ етын езыхэм я балансым ит унэхэм я кIуэцIкIэ щыIэ инженер коммуникацэхэр 2009 гъэм фокIадэм и 25-м щIондэ дзэжьыгъэм хуагъэхьэзыру зыхуэфащэ актхэр хуабэкIэ кьызэзыгъэпэщ организацэхэм Iэрагъэхьэну.

5. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Промышленностымкlэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм (Абрэдж А.Хь.) и пщэ илъхьан, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм чэнджщ етын:

лэжьыгъэм кьыщыбгъэсэбэн мыхьэжьну хуабэ-механикэ, электротехникэ Iэмэпсымэхэр, республикэм и кьуажэ щIыпIэхэм псы зэрыкIуэ я бжьамий зи пIальэр икIахэр модернизацэ щIыныр, зэхьэжьынымкIэ кьызэрагъэпэщыну;

2009 гъэм жиIуэгъуэм и 1-м щIондэ планым щыубзыхуахэр зэфIагъэкIыну икIи, щыIэ Положениэм кьызэригъэувын хуэдэу, электрокьаркIэ, хуабэкIэ кьызэзыгъэпэщ организацэхэр бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум зэрыхуэхьэзырым теухуа информацэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Промышленностымкlэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ Экологие, технологие, атом кIэлъыплIыныгъэмкIэ федеральнэ Iуэхущапи Iэм технологие, экологие кIэлъыплIыныгъэмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щиIэ Управленэмрэ иратыну.

11. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансхэмкlэ и министерствэм (Бышэн А.А.) 2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэ» Iыхьэм «коммунальнэ хозяйствэ» жыхуиIэ и Iыхьэ куэдзэм и ихьэкIэ 2009 - 2010 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум зыхуэгъэхьэзырыныкIэ Iуэхугъуэхэр трагъэкIуэдэну ахъщэр хуХэхыныр кьызэрагъэпэщын папщIэ.

12. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Хъыбарегъащ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгуэхьэныгъэхэм ядэлэжьэныр щIалэгъуалэ Iуэхугъэмкlэ и министерствэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ 2009 - 2010 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум зэрыхуагъэхьэзырыным и щIыхь зыхуэзэ Iэнатlэхэм кьыщыгъэлъэгъуэныр кьызэригъэпэщыну.

13. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ 2008 - 2009 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум хуэгъэхьэзырыным и Iуэхукlэ 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм кьищта Унафэ №84-ПП-м кьару имыIэжу кьэлытын.

14. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлыплIыныр и пщэм дэлъхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Уянаев К. Хь.-М.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ЯРИН Андрей

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм накьыгъэм и 4-м кьыдигъэкIа Унафэ №117-ПП-мкIэ кьыщтащ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ 2009 - 2010 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум хуэгъэхьэзырынымкIэ комиссэм хэтхэр

Уянаев К. Хь.-М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэр *(комиссэм и унафэщIу)*

Абрэдж А. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм промышленностымкIэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр *(комиссэм и унафэщым и кьуэдзэщ)*

Афэщагъэ М. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм уэхунэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министр

Бэлагъэ Б. Б.- Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм промышленностымкIэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и кьуэдзэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Промышленностымкlэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и департаментым и унафэщIр

Бицу В. Г. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм узынщагъэр хьэмэныкIэ и министр

Бышэн А. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм финансхэмкIэ и министр

Васильченкэ Е. В.- Прохладнэ кьалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм я яп кьуэдзэр *(эзгурыIуауэ)*

Выдыкъ Р. Хь. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэр *(эзгурыIуауэ)*

Джэдгъавэ М. В. - Тэрч муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэр *(эзгурыIуауэ)*

Гъубжокъуэ Ю. М. - «Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэхэр электрокьаруКIэ зэдзуэу я кьызэригъэпэщ компаниие» акционер обществэ зэIухам и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэм и унафэщIр *(эзгурыIуауэ)*

ГъукIэжь А. А. - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэр *(эзгурыIуауэ)*

Жамбор А. Ч. - «Налшыкхэабэнергоу» акционер обществэ зэIухам и унафэщIр *(эзгурыIуауэ)*

Ивченкэ А. Н. - «Къббалькъгаз» акционер обществэ зэIухам и Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм иратын.

9. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм чэнджщ етын зэрыкIуэ щIыпIэ администрацэхэм чэнджщ етын дэтхэнэ мазэми и 25-м и пэ кьихуэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм ирагъэкIуэну.

Къэжэр Н. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Кьэрал псэупIэ инспекцэм и управленэм и унафэщIр

Кебеков В. С. - Лэскэн муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэр *(эзгурыIуауэ)*

Мусуков А. Тт - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр

Ует А. З. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэр *(эзгурыIуауэ)*

Отаров К. М. - Налшык щыIэ медицинскэ, технологие, атом кIэлъыплIыныгъэмкIэ федеральнэ Iуэхущапи Iэм технологие, экологие кIэлъыплIыныгъэмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щиIэ Управленэм и унафэщIр *(эзгурыIуауэ)*

Пашты Б. С. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хьыбарегъащ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгуэхьэныгъэхэм ядэлэжьэныр щIалэгъуалэм я Iуэхугъэмкlэ и министр

Подрезов П. В. - Май муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэр *(эзгурыIуауэ)*

Сороки В. И. - Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и яп кьуэдзэр *(эзгурыIуауэ)*

Тимошенкэ Н. В. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэр *(эзгурыIуауэ)*

Тогузаев Ю. Хь. - Шэрдж муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэр *(эзгурыIуауэ)*

Улымбащ А. Хь. - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэр *(эзгурыIуауэ)*

Урыс Н. М. - Аруан муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэр *(эзгурыIуауэ)*

ЩоджэнщыкIу Г. Хь. - Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэхащIэр *(эзгурыIуауэ)*

ЩхьэнэшэнЗ. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэдэжныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр.

● Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ ІэнатІэм и щІыналъэ Іуэхущ1апІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыІэм къет

2009 гъэм и япэ кварталым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иІа социально-экономикэ щ1ытк1Іэр

	2009 гъэм и япэ кварталым	2008 гъэм и япэ кварталым елытауэ 2009 гъэм и япэ кварталым, процент	2007 гъэм и япэ кварталым елытауэ 2008 гъэм и япэ кварталым, процент
Промышленностым и лэжьыгъэр	-	103,1	103,0
Мэкъумэш хозяйствэм и продукцІэр, сом мелуан	2401,5	105,2	103,0
Автомобиль транспортк1э хьэпсэу ягъэІэпхъуар, тонн-километр мелуан	25,9	90,2	113,7
Розницэ сатур, сом мелуан	10755,5	115,5	112,8
Щ1ыхухэм пщІэк1э Іуэхутхьэбзэу хуащІар, сом мелуан	2878,3	107,8	100,6
«Ухэныгъэ» лэжьыгъэ лІужьыгъэмкІэ зэфІагъэкІар, сом мелуан	819,0	114,9	103,8
ПсэупІэ унэу хьэпсыр ящІар, метр зэбгъуэнатІэ мин	42,5	101,7	99,0
Щ1экъаК1у уасэхэр зэрыхьуар, процент	104,7	116,1	113,7
Промышленностым и товархэр къыщІэзыгъэкІхэм ягъэува уасэхэр, процент	101,8	95,5	110,9
ИпхэщІэк1э къыщІэкІым тещІыхьауэ ахьшэ хэхъуэр	-		
Ику иту зы лэжьакІуэм хуатха мазэ лэжьапщІэр (хьэрычэт Іуэху мыин зезыхь» ІэнатІэхэри хэту)	10488,2	108,0	116,9
номинальнэу	-	104,0	115,0
ипэжыпІэк1э къыщІэкІым тещІыхьауэ			
Организацэ инхэм, курытхэм ику иту щ1ылэжьа щ1ыху бжыгъэр (хьэрычэт Іуэху мыиным и субъектхэр хэмыту), щ1ыху мин	124,8	100,5	98,9
Лъэхъэнэм и к1эм ирихьэлІэу лэжьапІэ ямыІэу официальнэу ятхахэм я бжыгъэр, щ1ыху мин	28,0	78,4	105,4

2009 гъэм мэлыжьхыхьым и 1-м ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрстатым и **Статистикэ регистрым** организацэу, абыхэм я филиалу е я ІэнатІэ пыгъэщхьэхуІауэ 11823-рэ итащ.

Статистикэ регистрым ит организацэхэм я зэхуэдитІым щ1игъур опт, розницэ сатум, автотранспортыр, мотоциклхэр, унатъуэ хьэпшапхэр, щ1ыхум еным и щхьэкІэ къыгъэзэпІ Іэмэпсымэхэр зэзыгъэпэщ1ыж ІэнатІэм (процент 22,9-рэ), сырьем елэжь ІэнатІэм (процент 14,8-рэ), мэкъумэш хозяйствэм, щ1ыкІэ Іуэхум, мэз хозяйствэм я ІэнатІэхэм (процент 10,4-рэ), ухуэныгъэм (процент 8,7-рэ) щ1ыІащ.

Хозяйствэ зезыхь» субъектэ 8113-р (учетым ита псомэ я процент 68,6-р) унейщ. Абыхэм ящ1ыщ нэхьыбэ щ1ыІэщ опт, розницэ сатум, автотранспортыр, мотоциклхэр, унатъуэ хьэпшапхэр, щ1ыхум еным и щхьэкІэ къыгъэзэпІ Іэмэпсымэхэр зэзыгъэпэщ1ыж ІэнатІэм (процент 29,1-рэ), сырьем елэжь ІэнатІэм (процент 18,3-рэ), мэкъумэш хозяйствэм, щ1ыкІуэ Іуэхум, мэз хозяйствэм я ІэнатІэхэм (процент 13,4-рэ).

Уней Іуэхущ1апІэхэм ящ1ыщ процент 80-м нэблагъэр Урысей Федерацэм и щ1ыху щхьэхуэхэм къызэрагъэпэщ1а организацэхэмрэ Іуэхущ1апІэхэмрэщ.

Сырьем елэжь ІэнатІэм къыщІигъэкІым зэрыхэхъуам и лъэкІыкІэ Іуэхум и япэ кварталым **промышленностым и продукцІэр** 2008 гъэм и япэ кварталым елытауэ процентэ 103,1-м нэсащ. Нэхъ псынщІэу зауэкьщ ерыскъыпхьэхэр, фадэ, псы зэмылІэужьыгъуэхэри хэту, къыщІэзыгъэкІ, пхъэм елэжь, пхъэхкІэхэр, хьэфэмрэ пластмассэхэмрэ къыхэщІыкІа продукцІэр, унэльащІэ зыщІ ІэнатІэхэм.

Щ1ым щ1эльхьугъэфыгъуэхэр къыщІэзых ІэнатІэм рудауэ щ1ымыт материалу ягъэхьэзырыр хуэди 3,1-к1э нэхь мащІэ хьауащ.

Хуабэ энергиеу кІалэжьым зэрыкІэрыхуам къыхэкІыу «электрокъарур, газыр, псыр ЩхьэжьынЫр, ахэр тегуэшэныр» лэжьыгъэ лІужьыгъуэр гъэ к1уам и апхуэдэ лъэхъэнэм зэрыщытам хуэдизу к1ынащ.

ПсэупІэ хуэунэмр. 2009 гъэм и япэ кварталым псори зэхэту метр зэбгъуэнатІэ мин 42,5-рэ къыкІыІу фэтэр 276-рэ хьэпыр ящІащ. 2008 гъэм и япэ кварталым елытауэ ар процент 1,7-к1э нэхьыбэщ. Ауэ псэупІэу хьэпыр хьуа псори зыщІар уней ухуэныгъэ езыгъэкІуэкІахэрщ.

ПсэупІэ унэу яухуэм зэрыхэхъуэр
(метр зэбгъуэнатІэ мин)



Уху эныгъэ лжьыгъэр. «Ухуэныгъэ» лІужьыгъуэм хиубыдэу 2009 гъэм япэ кварталым сом мелуан 819-р и уасэ лжьыгъэ е 2008 гъэм и япэ кварталым елытауэ проценти 114,9-р иригъэкІуэкІащ.

КъызэрабжамкІэ, мэкъумэш продукцэ къэзылэжь псомэ 2009 гъэм и япэ кварталым **мэкъумэшхэмкІэ кърахьэлІащ** сом мелуан 2401-рэ и уасэ е 2008 гъэм и япэ кварталым елытауэ проценти 105,2-рэ.

Республикэм и мэкъумэш организацэхэм гъатхасэм щ1адзащ. КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхьэмкІэ и министерствэм къызэритамкІэ, 2009 гъэм накъыгъэм и 12-м ирихьэлІэу гъатхасэм я жылпэр гектар мин 39,8-м хальхьащ. 2008 гъэм и апхуэдэ зэманым гектар мин 40 трасаеу щытащ.

Іэщ лІужьыгъуэ нэхьыщхьэхэм я бжыгъэм 2009 гъэм мэлыжьхыхьым и 1-м ирихьэлІэу республикэм и хозяйствэ псомэ щ1ыхэхъуащ ик1и былымыр мин 228,6-рэ, абы щ1ыщ жэмхэр мини 104,2-рэ, кхъуэр мин 38-рэ, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ мин 287,9-рэ хьауащ.

Щ1ыхухэм я уней щІапІэхэм щ1аІыгъ былымыр и процент 81,3-р, жэмхэм я процент 85,2-р, кхъуэм я процент 38-р, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ я процент 77,7-р.

2009 гъэм и япэ кварталым къриубыдэу мэкъумэш организацэхэм я былымым процент 0,2-р» (2008 гъэм и япэ кварталым процент 0,4-р), кхъуэм проценти 3,5-р» (2008 гъэм и япэ кварталым процент 3,5-рэ), мэлхэмрэ бжэнхэмрэ процент 0,3-р» (2008 гъэм и япэ кварталым процент 0,3-р» хэлІыкІащ. Щ1ыжьейуэу к1ащІэхъуэр къапщтэмэ (Іэщу 100-м ятещІыхьауэ), шкІэхэм я бжыгъэр процент 24,1-к1э, кхъуэ щ1ырхэр хуэди 4,5-к1э нэхьыбэ хьауащ, щ1ынэхэмрэ чыІХэмрэ я бжыгъэм зихьэжакъым.

Хозяйствэ псомэ Іэщхьк1 лІужьыгъуэ нэхьыщхьэхэм ящ1ыщу к1ыщІалэжьащ:

	тонн мин	2009 гъэм и япэ кварталым, тонн мин
Іьуэ (ауКІын папщІэ ягъэшха Іэщ1ымрэ джэдкъазымрэ зэрыпсэуэ)	11,4	114,3
Шуэ	60,8	101,7
ДжэдыкІэу, мелуан	30,2	104,6

Уней щІапІэхэр зезыхь» щ1ыхухэм лым и процент 60,9-р, гъэшым и процент 84,6-р, джэдыкІэм и процент 84,2-р, мэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщ1эхэмрэ лым и процент 11,1-р, гъэшым и проценти 6-р, джэдыкІэм и проценти 2,8-р к1ыалэжьащ.

Мэкъумэш организацэхэм Іэщ1ымрэ джэдкъазымрэ к1ыпах хьэрым хэхъуащ.

2009 гъэм и япэ кварталым мэкъумэш организацэхэм зы жэмым хуэзэу шэуэ къыщІашащ килограмм 792-рэ, 2008 гъэм и япэ кварталым къыщІашащ щ1ыта килограмм 755-м и пІэкІэ, джэд къэс хуэзэу джэдыкІэ 58-рэ къыщІахащ, блэкІа гъэм къыщІахауэ щ1ыта 56-м и пІэкІэ.

Абы я япэ ита ильэсым елытауэ, 2009 гъэм мэлыжьхыхьым и 1-м ирихьэлІэу **Іэщ1ыр Іуэсыпхъэк1э къызэрызэгъэпэщ1ар** нэхьыфІу щытащ. 2008 гъэм мэлыжьхыхьым и 1-м ирихьэлІэу зы Іэщ1ым тещ1ыхьауэ хозяйствэхэм Іуэсыпхъэ единицэу центнери 2,5-рэ яІамэ, 2009 гъэм мэлыжьхыхьым и 1-м ар центнери 3,5-рэ хуэунэщ1ащ.

Коммерческэ хьэлъэхэр автотранспортк1э къезыщІэк1 организацэхэмрэ хьэрычэтыщ1эхэмрэ 2009 гъэм и япэ кварталым къриубыдэу зы хьэлъэу тонн мелуани 0,5-рэ ягъэІэпхьауащ, ар 2008 гъэм и япэ кварталым елытауэ процентэ 9,8-к1э нэхь мащІэщ. Хьэлъэу къращІар тонн-километр мелуани 25,9-щ1ик1и процентэ 9,8-к1э нэхь мащІэщ.

Автобусхэмк1э, маршрутхэм тет таксомоторхэмк1э щ1ыху мелуан 13,9-рэ, троллейбусхэмк1э щ1ыху мелуан 1,1-р къращІащ. Псомэ ящ1ащ1эбэп пассажир автомобиль транспортым и зэфІэкІыр пассажир-километр мелуани 144,4-м нэсащ.

КъБР-м и МВД-м и УГИБДД-м къызэритамкІэ, автомобиль гъэзэгъэхэм, жылагъэхэм я уэрамхэм автотранспортым пщІауэ щ1ыщ1ыхь щ1эщ1ыхьэк1ырыхуащ. Апхуэдэ къхъукъащІэу 2009 гъэм и япэ кварталым 153-рэ ятхащ, ар 2008 гъэм и япэ кварталым елытауэ процент 1,9-к1э нэхь мащІэщ. Гъэгъуэзэм щ1ыху 46-рэ щ1ыхэкІуэдащ.

Республикэм связькІэ и организацэхэм2009 гъэм и япэ кварталым Іуэхутхьэбзэу зэфІагъэкІар сом мелуан 793-рэ и уасэ хьууэ з1ыалъытэ. А лэжьыгъэр иджыпсту зекІуэ уасэхэм ятещІыхьауэ 2008 гъэм и япэ кварталым елІыгъмэ, процент 25,8-к1э нэхьыбэщ. Связым и Іуэхтхьэбзэ псомэ ящ1ыщ щ1ыхухэм хуащІар сом мелуан 665,3-рэ и уасэ мэхъу, гъэ к1уам зыхуэфащэ и лъэхъэнэм елытауэ ар процент 25-к1э нэхьыбэщ, связым и Іуэтхьэбзэу щ1ыхухэм хуащІэхэм я уасэхэм я лъэхъэнэм къриубыдэу проценти 2,7-рэ зэрыщІагъуари абы хэту.

ПощткІэ ягъэхь» ахьшэр нэхьыбэ хьауащ, телеграммэу печатым и продукцІэ, корреспонденцэу, пенсэу зэбграххэм я бжыгъэм к1ырыхуащ.

2009 гъэм и япэ кварталым къриубыдэу республикэм и щхъуакІуэ рынокым щащІа **розницэ сатур** 2008 гъэм и япэ кварталым ящІа розницэ сатум елытауэ процент 15,5-к1э нэхьыбэщ ик1и псори зэхэту сом мелуан 10755,5-р и уасэ мэхъу.

Ерыскъыхэк1ыу, тутыну щ1ыхухэм иращащ сом мелуан 5298,9-р и уасэ, ар товар бжыгъэкІэ къащІэтэмэ, 2008 гъэм и япэ кварталым елытауэ процент 12,1-к1э нэхьыбэщ, ерыскъыхэкІхэм химуфыцІэ товару сом мелуан 5456,6-р и уасэ е блэкІа зыхуэфащэ лъэхъэнэм елытауэ процент 18,8-к1э нэхьыбэ ящ1ащ.

Оит сатуэхэмэкономикэм пыщІа организацэ псомэ 2009 гъэм и япэ кварталым ящІар сом мелуан 734,5-р и уасэ мэхъу, товар бжыгъэкІэ къащІэтэмэ, ар 2008 гъэм и япэ кварталым елытауэ проценти 6,8-к1э нэхьыбэщ.

ПщІэ зыщІат Іуэхутхьэбзэу республикэм и щ1ыхухэм сом мелуан 2878,3-р и уасэ хуащІащ, 2008 гъэм и япэ кварталым елытауэ ар проценти 7,8-к1э нэхьыбэщ. Организацэхэм (хьэрычэт Іуэху мыин зезыхь»эхэр хэмыту) сом мелуан 2076,3-р и уасэ Іуэхутхьэбзэ е Іуэхутхьэбзэ псомэ я процент 72,1-р зэфІагъэкІащ.

Унагъуэ Іуэхутхьэбзэу сом мелуан 347,5-р и уасэ ящІащ, зекІуэ уасэхэм ятещІыхьауэ къащІэтэмэ, ар 2008 гъэм и япэ кварталым елытауэ процент 0,8-к1э нэхьыбэщ. ПщІэкІэ ялэжь Іуэхутхьэбзэ псомэ ящ1ыщ процент 12,1-р унагъуэ Іуэхутхьэбзэхэрщ.

Урысей Федерацэ псом хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми 2009 гъэм и япэ кварталым щ1ыхэхъуащ **товархэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэм**. Зэрыщыту к1ащІэтэмэ, 2009 гъэм и япэ кварталым къриубыдэу уасэхэм проценти 104,7-м нэсу заІэтащ. Мыбдеж къ1ыщІэзыгъэуапхъэщ псом хуэмыдэу пщІэкІэ ялэжь Іуэхутхьэбзэхэр нэхь лъапІэ зэрыхъуар, абыхэм я тарифхэр проценти 7,3-к1э къызэрагъэтар. Ерыскъыпхьэхэр проценти 4-к1э, ерыскъыхэкІыу щ1ымыт товархэр проценти 3,8-к1э нэхь лъапІэ хьауащ.

Ильэсым къриубыдэу ерыскъыхэкІхэм щ1ыщу я уасэхэр нэхь дэуеящ фошыгъэм, пхъэщ1эсымащ1хэм, цитрусхэм, шейм, кофем, щ1ыгъм, к1эртІофым, лым къ1ыхущ1ыкІа консервхэм, ЕфІ1ыкІэхэм, макароным, бдзэжьеймрэ, нэкъ1ухэм, лы гъэгъупщ1ам, фадэм, хадзэжкІэхэм, крупам, джэшхэкІхэм.

Ерыскъыгъуэу щ1ымыт товару зыкІэтыпхьэм ящ1ыщу ильэсым эрыщІидзэр нэхь лъапІэ хьауащ хущхъуэхэр, алэрыбгъухэр, зэрыжьыщІэ, зэрыгъэщІэ хуэ1ухуэщІэхэр, лъэпідэхэр, парфюмер-косметикэ хьэпшапхэр, галантереер, щ1ыгъ1ын зэ1ущІар, щ1ыгъ1ынхэр, печатым и продукцІэр.

Я уасэхэм к1ЭрыхуащІ дизель гъэсынпхъэхэмрэ автомобилхэм ирагъахьыУ бензинымрэ.

Щ1ыхухэм пщІэкІэ хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм ящ1ыщ зи уасэхэмрэ тарифхэмрэ нэхь к1ыАэтахэм хохьэ медицинэм, унагъуэ Іуэхуэхэм, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм, узынщагъэр егъэфІэкІуэныгьэ узынщагъэр зэтегъуэвжьынымрэ ящ1ыщ Іуэхутхьэбзэхэр, нэгъуэщІ Іуэхутхьэбзэ зыбжанэ.

Ящ1эхэми хуэдэу, 2009 гъэм и япэ кварталым республикэм и экономикэр зыхэта гутъуэмкъэм ящ1ыщ **щ1ыхухэм я Іуэхущ1ар**. 2009 гъэм мэлыжьхыхьым и 1-м ирихьэлІэу, страховой организацэхэмрэ банкхэмрэ хэмыту, организацэ инхэм, курытхэм къ1эн зыщащІыжьажэмкІэ (кредитхэмкІэ, банкхэм я кредитхэмрэ заемхэмкІэ, щ1ыхуэхэмкІэ) щ1ыхуэу ятелъар com мелуан 2725,8-р е щ1ыхуэ псомэ я процент 14,2-р хьууэ щ1ытащ. Зи пшынэжьгъуэ пІалъэр ик1а щ1ыхуэ псомэ ящ1ыщу кредитор щ1ыхуэр процент 86,3-р, банкхэм я кредитхэмрэ заемхэмкІэ щ1ыхуэр процент 13,7-р мэхъу.

Зи пшынэжьгъуэ пІалъэр ик1а кредитор щ1ыхуэу 2009 гъэм мэлыжьхыхьым и 1-м сом мелуан 2353,1-р щ1ыІащ. Зи пшынэжьгъуэ пІалъэр ик1а кредитор щ1ыхуэ псомэ я зэхуэдитІым щІигъур (процент 56,2-р) к1ыхурагъэщ1а продукцэм, ирагъэщІа лъжьыгъэхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэм щ1ыщу к1ытенарщ.

Зи пшынэжьгъуэ пІалъэр ик1а дебитор щ1ыхуэу 2009 гъэм гъатхэпэм и к1эм ирихьэлІэу сом мелуани 2262,7-р щ1ыІащ. Зи пшынэжьгъуэ пІалъэр ик1а дебитор щ1ыхуэр к1ан» щІагъуэ щ1ымыІэу (процент 94,4-р) хурагъэщІа товаркэм, хуащІа лъжьыгъэхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэу щэхуак1уэхэм к1ырамытыжьахэрщ1.

Лъжьапщ1эр тынымк1э к1ытехуа, зи пшынэжьгъуэ пІалъэр ик1а щ1ыхуэр (организацэхэм къызэратымкІэ) 2009 гъэм мэлыжьхыхьым и 1-м ирихьэлІэу сом мин 1456-рэ хьууэ щ1ытащ, 2008 гъэм гъатхапэм и 1-м ятелъам елытауэ ар сом мини 389,5-к1э е процент 72,8-к1э нэхь мащІэщ.

Бюджетым и ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыхэк1ыу и зэманым ахьшэ къызэрамыуТыпщам къызэрыхьэ зи пшынэжьгъуэ пІалъэр благъэк1а щ1ыхуэхэр 2009 гъэм мэлыжьхыхьым

Щ1ыхухэм псори зэхэту к1ыалэрыхь» ахьшэ хэхъуэр нэхьыбэ хьауащ. 2009 гъэм и япэ кварталым ар сом мелуан 20176,4-м нэсащ ик1и блэкІа ильэсым и ащхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ процент 23,2-к1э нэхьыбэщ.

Къыщ1эк1ым тещ1ыхьауэ къапщтэмэ, ахьшэ хэхъуэхэр (фІэкІыпІэ зимыІэ платежхэр хагъэкІауэ, щхъуакІуэ уасэхэм зэрызахьуэжьыр къ1ыльтауэ) проценти 8,3-к1э нэхьыбэ хьуащІ.

Хэхъуэу щ1ыхухэм к1ыАэрыхьар сом мелуан 1962,1-к1э нэхьыбэщ ахьшэу а зэманым к1ыагъэсэбэпам нэхьр».

Социальнэ ахьшэр хэмыту, 2009 гъэм и япэ кварталым (хьэрычэт Іуэху мыиным и ІэнатІэри хиубыдэу) **лэжьакІуэхэм ику иту хуатх улахуэр** сом 10488,2-м нэсащ ик1и 2008 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ процент 20,8-к1э нэхьыбэ хьуащ. Къыщ1эк1ым тещ1ыхьауэ къапщтэмэ, курыт лжьапщ1эм процент 4-к1э хэхъуащ.

Гъатхэпэ мазэм ику ит номинальнэ лжьапщІэр сом 10654,7-м нэсащ ик1и мазае мазэм елытауэ процентэ 6,4-к1э, 2008 гъэм и гъатхэпэ мазэм елытауэ процент 19,9-к1э нэхьыбэ хьуащ.

Къыщ1эк1ым тещ1ыхьауэ къапщтэмэ, лжьапщІэм мазае мазэм елытауэ проценти 5,2-к1э, 2008 гъэм и гъатхэпэ мазэм елытауэ проценти 3,4-к1э хэхъуащ.

Ику ит номинальнэ мазэ лжьапщІэм, къыщІэк1ам тещ1ыхьауэ ику ит мазэ лжьапщІэм (социальнэ ахьшэр хэмыту) 2008 - 2009 гъэм зэрыхэхъуэ (зэрыхэщІа) псынщІагъыр (2007 гъэм и дыгъэгъазэм елытауэ процентк1э)



ІэнатІэхэм лжьапщІэр иджыри щ1эзэщхьэщ1эк1. Ар финанс Іуэхуэхэм пщІа организацэхэм щ1ынэхь ину,пхъэм щелжь унэльащІэ щащІ Іуэхущ1апІэхэм щ1ынэхь мащІэу щ1ытащ.

Щ1ыхухэр лжьапІэк1э к1ыхъэгъэпэщ1ынымкІэ и къэрал комитетым и органхэм 2009 гъэм и гъатхэпэ мазэм къриубыдэу щ1ыху лжьапІэншэу мини 3,6-м зыкъ1ыхуагъэзащ, лжьапІэ к1ыагъэ1ытынымкІэ ядэпкъ1ыну к1ыльтаІуэу. Абыхэм ящ1ыщу щ1ыху мин 0,7-м е 2008 гъэм и гъатхэпэ мазэм елытауэ процент 29,3-к1э нэхь мащІэм лжьапІэ (хэхъуэ к1ыхъэпхьэн ІэнатІэ) к1ыагъэ1ащ.

«Роспотребнадзорым» КъБР-м щ1ыІэ и Щ1ынальэ управленэм къызэритамкІэ, 2009 гъэм и япэ кварталым **эпидемиологие щ1ытык1эр** нэхь тк1ийщ 2008 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ, тэмакъ уэ зэрыщІалэхэр зэфыкІэхэр процент 17-к1э нэхьыбэ зэрыхъуам к1ыхъэ1ыу. Ильэсым и пэм щ1ыщІэдзауэ псори зэхэту сымаджэу ятхар щ1ыху мин 26,8-рэ мэхъу, 2008 гъэм и япэ кварталым сымэджа щ1ыху мин 24-м я п1ж1э.

Уэ зэрыщІалэ лІужьыгъуэхэм ящ1ыщу щ1ыхуэхэм нэхьыбэу к1ыеуэлІащ тэмакъ-вирус уэ зэрыщІалэр (процент 91,4-р). К1эТ1ийуэ зэрыщІалэхэр процентэ 3,9-м, бжэнтепк1эр процентэ 2,6-м к1ыеуэлІащ. Нэхь мащІэ хьауащ к1эТ1ийуэ зэрыщІалэхэр, скарлатинэр, педикулез зэфыкІэхэр ятхахэр.

КъБР-м щ1ыІэ МВД-м къызэритамкІэ, 2009 гъэм и япэ кварталым щІэпхьаджагъэ ялжьауэ ятхар 2408-ш, 2008 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм ялжьауэ ятха 2529-м и п1ж1э.

Ятха щІэпхьаджагъэ псомэ ящ1ыщ 410-р хьэлъэхэм, хьэлъэ дыдэхэм хабжащ, ар 2008 гъэм и япэ кварталым елытауэ процент 20,6-к1э нэхьыбэщ.

ЩІэпхьаджагъэ зыгъжьауэ сэтей къащІахэр проценти 4,1-к1э нэхьыбэ хьуащ ик1и щ1ыху 1049-м нэсащ. ЩІэпхьаджащІэхэм ящ1ыщу хэхъуэхэм я хэк1ыпІэ зэпымыуэ зимыІэхэр процент 19, щ1ыхубзхэр процент 14,6-рэ, ятпк1э суд зытращІыхьахэр процент 17 мэхъу.

Къызэрыльатэмк1э, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2009 гъэм мэлыжьхыхьым и 1-м ирихьэлІэу щ1ыху мин 892,6-р исащ. 2009 гъэм и япэ кварталым республикэм къальхуауэ 2882-рэ, лІауэ 2255-р щатхащ, 2008 гъэм и япэ кварталым къальхуахэр 2913-рэ, лІахэр 2194-р хьууэ щ1ытащ.

2009 гъэм и япэ кварталым ЗАГС-м и органхэм нэчыхь 1262-рэ ятхащ, 2008 гъэм и япэ кварталым елытауэ ар проценти 0,9-к1э нэхьыбэщ. Зэбгъэдэк1ыжхэм я бжыгъэм процент 19,8-к1э хэхъуащ ик1и 653-м нэсащ. 2009 гъэм и япэ кварталым республикэм щатха нэчыхьхэм ящ1ыщ 1000 к1ьэ хуэзэу 317-р яхьутэжащ, 2008 гъэм и япэ кварталым а бжыгъэр 436-рэ хьууэ щ1ытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрстат.

● Медицинэ

Щ1эныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІ

Накъыгъэм и 27-29-хэм Дон Іус Ростов щекІуэк1ащ Ищщ Федеральнэ округым и кардиологэм я 8-нэ съезд1ыр. Ар теухуауэ щ1ытащ гу зэ зиІэ сымаджэхэм ягъуэт медицинэ дэІэпыкъуныгъэр зэрефІак1уэм, абы Іэмал1ыщІэхэр къызэрыхьэм.

ИПЩЭ Федеральнэ щ1ынальэхэм ик1а дохутырхэм я мызакъуэу, зэІущІэм хэтащ Москва, Санкт-Петербург, Урысейм и нэгъуэщІ кІалэщІхуэхэм щ1ыщ щ1эныгъэлІ щ1ырыуэхэр. Абыхэм я къэпсэльэныгъэхэм къыхэщІыр нэхьрей зэманым медицинэм зыужьныгъэщІэхэр зэрригъуэтар, абыхэм дэтхэнэми ирагъэк1уэкІа къэхутэныгъэхэм къыщІигъэльэгъуат псынщІэу зыуэдэр къапщІэу ар фІагъ ІыагъэІ и1уэ зэрырбгъэхьужьыну щ1ыкІэр.

Зэ1ущІэм хэтахэр секцэ щхьэхуэу гуэшауэ ІэжьащІ. КъБКъУ-м и профессорхэу Елгъэрхэ Анатолэрэ Лилэрэ я гугъу ящІащ илъэс куэд ІьанфэрэзэпэжьІ, гу зэныбжьхэм еплъэк1ыжьхэм епха къэхутэныгъэхэм ящ1ыщ1ыхьэхэм. Щ1эныгъэлІхэм я зэхуэсым апхуэдэу ирихьэлІащ къэхутак1уэ ныбжьыщІэхэу ЕлІъэрхэ Маратрэ (КъБКъУм и соискат е1щ) Дианэрэ (КъБКъУ-м и 4-нэ курсым и студентщ). Ахэр жьыджэру хэтащ «Щ1эныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я зэпеуэм» ик1и абы ф1ыІэфІэхэр къыщащІ.

Махунщ1ік1э ек1уэк1а зэхуэсыщхьэм гум и узыфхэр гъэхъужьыным елъэк1ыщ1эныгъэлІхэр я Іуэху еплъыкІэхэмк1э, гупсысэщІэхэмк1э щ1ызэдэгуэшащ. Щэч хэлъ1ыным абы хэта дохутырхэм зрагъэгъуэта щІэныгъэщІэхэр кьыздик1а щ1ыпІэхэм мыхъэнэщІэхэу и1эу к1ыазэрыщагъэсэбэпныным.

ТхЬэхущ1ынэ *Ланэ.*

● Мэкъуауэгъуэм и 14-р Урысейм и Іэпхъуэшапхъуэ къулыкъум и лэжьак1уэм и махуэщ

Тхьэгъэзит Маринэ

Гуп зэкъуэт

УФ-м Іэпхъ уэшапхъуэ Іуэхухэмк1э и федеральнэ ІэнатІэр къызэрызэрагъэпэщІэ илъэс 17 ирокъу.

ІЭПХЪУЭЩАПХЪУЭ ІэнатІэм и лэжьакІуэм и махуэр зэрыуваф щ1ытащ УФ-м и Президентым 2007 гъэм накъыгъэм и б-м кІыдигъэкІа Указым ик1ыт ик1ІэІ.

Урысей ФМС-м и управленэу КъБР-м щ1ыІэм и кІалэмэхэм ящ1ыщ зыщ ТхьэгъэзэитМаринэ зи унафэщІ хэщІапІэ-справкэ лэжьыгъэмк1э и кІудамэр. А ІэнатІэм и тхьэрэр жьжьэ къыщІожьэ. Абы щ1ыбгъуэтынущ республикэм щ1ипсэу, УФ-м и гражданин паспорт зиІэ псомэ ятеухуа хьыбарэр. Ахэр зэхуэхьэсын щІадзауэ щ1ытащ Октябрь революцэм и ужькІэ.

Иджыпсту карточкэ мин 950-м щ1игъу абы я1эщ. Дунеим ехьжам теухуаэр хахьж, паспорт зратахэм яйр халъхь». Зыхуэи хьыбарэр дэтхэнэми Іэрагъэхь», ар зытеухуар езы к1ьэлъ1уар арауэ щ1ытмэ.

- Ищ1ажь илъэсхэм картотекэр электроннэ щ1ытык1эм хуэ1ку1ауэ. Ауэ ук1ьэ1ыным ІэпщІэжьынур тхьылъымпІэм итхарщ, ик1и ди архивыр дохьумэ, - жеІэ Маринэ.

Ильэс 30 хьуауэ зы ІэнатІэм щ1ылажьэ, к1ьудамэм и унафэщІ Тхьэгъэзэитым и пупыр зэкъуэтщ, абы к1ыазэщ1ыубыдэ щ1ыхуэ 16-р я Іэщ1агъэм хуэІэжьжьщ. Зи лэжьыгъэр хьэлІэлу езыхьэжьхэм ящ1ыщ Уэрджыр Залинэ, Абаазэ Аминэ, Теммоевэ Азинат сымэ, нэгъуэщІэхэри.

УАРДЭ Жантинэ.

● Спорт хьыбархэр

Кикбоксинг

Ди щІалэхэр псоми ятокІуэ

Къалмыкъыр Урысейм зэрыхьыхьэрэ илъэс 400 щрикъум ирихьэлІэу Элиста щек1уэк1ащ кикбоксингымкІэ дуней-псо зэхьэзэхуэ.

КЪЭРАЛЫГЪУЭ къэдым и спортсмен нэхъыфІхэр щ1ызэрихьэлІа турнирым Къэбэрдей-Балъкъэрым щ1ыщу хэтащ Аруан куейм и сабий-ныбжьыщІэ спорт школым и гъэсэнхэр. Я хьэлъаГ ельытауэ зэпеуэм щ1ытек1уахэщ Джэрмэнщык къуажэм щ1ыщхэу МафІэдз Азэмэт (кг 60), Жэрыщты Жамболэт (кг 66), Уэжь Залым (кг 75), Налшык щ1ыщхэу Гаев Елдар (кг 54), Кьанкъул Рустам (кг 64), Бэрэгъун Залым (кг 71) сымэ.

Мы щІалэхэр зыгъэса Апажэ Рашид зэхьэзэхуэм судьяуэ хэтащ ик1и адыгэ тренерыр к1ьалъытащ зэхьэзэхуэм и рефери нэхьыфІу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Дзюдо

Япэ гуп увыпІэрэ медалипщІрэ

«Дон и кубок»-р» дзюдомкІэ къэхьыныж теухуауэ Дон Іус Ростов щек1уэк1ащ 1994 - 1996 гъэхэм къальхуахэм я урысейпсо зэхьэзэхуэ зэІуха. Абы къриухьэлІащ Азербайджаным, Украинэм, Дагъыстэным, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Къэрэшей-Щэрджэсым, Щэшэным, Краснодар краим, Ставрополь, Волгоград къальхуэм щ1ыщ спортсмен ныбжьыщІэхэр. Ди республикэм и щІалэхэр зэхьэзэхуэм щ1ыхьэмащ «Гладиатор» спорт клубым и гъэсэнхэм.

ЩЫБЭНА хьэлъагъэхэм япэ увыпІэхэр къ1ыщхьащ Гаджиболаев Артур (кг 46-рэ), Налшык Сэлим (кг 66-рэ), Хьурсинэ Залымхан (кг 73-рэ), Махъсидэ Азэмэт (кг 90), Думэн Роман (кг 81-рэ). Дыжьын медалхэр къальысащ Тхьэгъэлэдж Іэдэм (кг 50), Джатэгъэжь Елдар (кг 55-рэ), Тхьэгъэлэдж Басир (кг 66-рэ) сымэ. Ещанэ хьуэхэщ Семэн Астемыррэ (кг 50) Тхьэгъэлэдж Адмиррэ (кг 42-рэ).

Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэм гуп зэхьэзэхуэм ящ1ыпІэр къ1ыщихьащ. Ростовдэсхэр - етІуанэщ, Къэрэшей-Щэрджэсыр - ещанэщ.

Зэхьэзэхуэм щ1ытек1уахэм кубокхэр, медалхэр, дипломхэр, саугъэт л1ьапІэхэр иратащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Футбол

Еш1трэч Владимир утыку къохьэж

Ящ1э дивизионым щ1ыджэгу «МВД России» футбол командэм и тренер нэхъыщхьэу мы махуэхэм ягъэуващ ди лъэпкъэгъу Еш1трэч Владимир.

КОВТУН Юрий зи тренер нэхъыщхьэу 2009 гъэр къ1ыщІэзыдза командэм и джэгукІэм арэзы къ1ымыщ1 унафэщІхэм щ1ытык1эр ягъэзэкІуэжьи мурадкІэ ар трагъэжІ1ын хуей хьуащ. Абы и п1экІэ ягъэува илъэс 62-рэ зи ныбжь Еш1трэч Владимир и иужьрей ІэнатІэу щ1ытащ 2006 гъэм зи тренер нэхъыщхьэу лжьа Мэзкуу и «Локомотив»-р.

Еш1

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

● ФІщІэуэ пІэрэ?

Я зэхэщІыкІым зеужь

Ильэс зыбжанэ хьуауэ мэкъуауэгъуэм и 12-м и пэ кьихуэху Левадэ Юрий и Къэпщытэныгъэ Центрым (Левадэ-Центр) Урысей Федерацэм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыпсэу цыху 1600-м я дзэ щІэупщІэныгъэ щрегъэжьуэкІ. Хьэлэмэтыр а лъэхъэнэм кьрнубыдзу Іуэхум зэрызнужьам укІэпхьалъыну.

УпщитІым ильэс зэмылІэужьыгъуэ зэ эм кьрата жэу апхэр проценткІэ къэгъэльэгъуауэ. Мыпхуэдэ щІэупщІэныгъэхэм процентищ хуэдиз щыуагъэу хэльыфыпхуэ.

Мэкъауэгъуэм и 12-р - махуэшху эщ. Урысей Федерацэм и махуэр щІагъэльапІэм и щІэр ппэжыпІэкІэ фщІэуэ пІэрэ? (жэуап зыбжанэ хьыхьух хьунут)

Зэреджэр	1998	2000	2001	2003	2006	2007	2009
Урысейм и щхьэхуитыныгъэм и махуэ	48	51	57	65	47	53	40
Урысейм и махуэ	-	-	-	-	23	21	37
Урысейм и щхьэхуитыныгъэм и декларацэр къыщІэта махуэ	8	9	9	6	5	6	5
Урысейм и япэ Президент ыцыхьэ махуэ	7	5	3	2	2	2	1
НэгъуэщІ	2	3	3	3	2	2	4
Махуэшхуэу ялытэркъым	12	6	8	4	6	4	3
ЩІэкъым, жэуап иратыфакъым	22	26	20	20	15	12	12

Мэкъауэгъуэм и 12-м «Урысейм и махуэр» зегъэльапІэ. Ар Урысейм и къэрал суверенитет (щхьэхуитныгъэм) и декларацэр кьыщацта махуэщ. ФЗ дауэ кьыдыкьхурэ, а щхьэхуитныгъэм Урысейм фы хьэмэ Іей кьыхуихьар?

	1998	2000	2003	2005	2006	2007	2009
Фы кьыхуихьащ	27	28	33	39	46	53	54	61
Іей кьыхуихьащ	57	57	49	34	30	27	22	17
Жэуап иратыфакъым	16	15	18	27	24	20	24	22

БЖЫГЪЭХЭМкьыдзэрагъэльагъуэмкІэ, «Урысейм и махуэкІэ» а махуэшхуэм зэрэдежэр зыщІэр зэрупщІэм и Іыхьэ щаІэнэрщ. Нэрыльагъуэ абы и сэбэпынагъэр кІуэ пэтми кьэхьбэм зэрызыхащІэр. Мыбдежьым кьыхэгъэщІын хуейщ Урысейм и щхьэхуитныгъэм кьахуихьар кьыщалытэм деж щІыхуэм я ныбжь, щІэныгъэ, щІепсэу, кьахэхъуэ елытыгъуэ я Іуэху епльыкІэхэр зэрызэщхьыкІыр. Щ1алэгъуэлэм, щІэныгъэ нэхъ зыбгъэдахэуэ, Мэзкоуурэ кьуажэкэмрэ щІепсэ уэрэм Урысейм и щхьэ хуитныгъэм фы кьаХуихьауэ кьалытэ. Зи ныбжь хэкІуэтахэм, зи щІэныгъэр лъахъшэхэм, хэхъуэ щІагъуэ зимыІэхэм, щІыналъэхэм щыІэ кьалэшхуэхэм щІепсэухэм я Іуэху епльыкІэр нэгъуэщІщ.

Зыгъэхьэзырар «Левада-Центр»-м и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІэ

САВЕЛЬЕВ Олег.

● Мылъку

Уардэунэхэр - цІыху щхьэхуэхэм, ахъшэр - бюджетым

Саратов областым и губернатору щыта Аяцков Дмитрий эхщІапІэу ніа уардэунэ абрагъуэр 2009 гъэм приватизацэ ящыныхэм хагъэхьну щыпІэ дунэм унафэ кьыщІэтащ. Ар зыІэщІэлъар Іуэхум нэгъуэщІу ноИтъ.

САРАТОВРЭ Вольскэрэ я архиеписк оп Іонгиным и хэщІапІэу унэр зэгъэувамэ, сфІэзахуэт, - «кьыжриІащ ди корреспондентым Аяцков Дмитрий. - Саратов и епархиер къэралым щыпашІэхэм ящыщщ, Іонгиным Саратов областым и мызакъуэщ, къэрал псом пщІэ зыщыхуящІ цыхуэщ.

- ЗэкІэ официальныгъэ зыми унэр кьытхуигъэзэпэгъуакъым, - хьыбар дригъэщІащ Іонгиным. - Ауэ революцым и пэкІэ ар здэщыІэ ауэым Игуменскэ кІэ еджэу щытащ, щІыр члисэм еІщ. Хэщ1апІэу кьытхуагъэльагъуэ-мэ, дауи, арэзы дыльнунщ.

Щ1ыпІэуэ уардэунэр Саратов губернаторхэм я музей пщІы хьунуи Аяцковым жеІэ.

